ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№99 (24.225) • 2021 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 19, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Жылагъуэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныр псом ящхьэщ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Террорым пэщІэтынымкІэ и комиссэмрэ Оперативнэ штабымрэ я зэІущІэм.

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЦІ-м щыІэм и аппаратым КЪБР-м къеГъэщІылІа и инспектор нэхъыщхьэ **Мэкъуауэ Тимур**, КЪБР-м и Хэхэкіуэ комиссэм и унафэщі **Джэш Вячеслав**, хабзэхъумэ, къарузехьэ Іэнатіэхэм я унафэщІхэр, муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэр.

ЗэІущІэм зыщытепсэльыхьахэм ящыщщ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и VIII зэхуэгъэсыгъэмрэ щыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ органхэмрэ я депутатхэр хэхыным зыщыхуагъэхьэзыркІэ, а Іуэхуэр щрагъэкІуэкІкІэ, апхуэдэуи ЩІэныгъэхэм я махуэм, Терроризмэм пэщІэтыным щызэхъуэувэным и дунейпсо махуэм ехьэлІа дауэдапщэхэм шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыныр.

ІэІэтыр махуищым кьурибыдэу - фокІадэм 17 - 19-хэм - екІуэкІынущ. Республикэм кьыщызэрагъэпэщащ хэхыпІэ участкэ комиссэ 355-рэ, къэрал псом щызэхэтыну ІэІэтхэм кьадэкІуэу, щыпІэм щекІуэкІынущ муниципальнэ хэхыныгъэу 122-рэ, абыхэм ящыщу 112-р кьуажэхэм, 7-р кьалэ щыпІэхэм, 3-р республикэм и кьалэ округхэм яхуозэ. Къэблэгъа ІэІэтым зэрызыхуагъэхьэзыр щыкІэм теухуауэ къэпсэльащ Джэш Вячеслав. «Ар къызэрымыкІуэу ин политикэ Іэхуэхэщ икІи ахэр шынагъуэншэу, сыт и лъэныкъуэкІи тэмэму кьызэгъэпэщауэ егъэкІуэкІын хуейщ», - кьэхуичъэщхьэхуКІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм.

Республикэм и унафэщІым гулъытэ хэха хуищІащ егъэджэныгъэ Іуэхуущапіэхэм терроР шынагъуэншагъэр кьыщызэгъэпэщыным. Гъэ еджэгъуэщІэм республикэм щылажьэнущ щІыпІэхэм щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхуущапіэ 341-рэ. Еджапіэхэр терроРым щыхъумэным хуэгъэпса лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІащ, абы мафІэс кьэмыгъэхъуныморэ санитар-эпидемиологие щытыкІэм я нэІэ трагъэтынымрэ хуэгъэзахэри хэту.

Абы и лъэныкъуэкІэ зэфІагъэкІахэм я гугъу ящІу кьэпсэльащ кьэрал кІэуцІ Іуэхухэмкіэ министру КЪБР-м щыІэ Павлов Василий, КЪБР-м щыхуэхэр егъаджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр Ёзауэ Анзор, Налшык кьалэ округым и щыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Ахъэхъу Таймураз.

Урысей Федерацэм терроризмэм щыпэщІэтыным хуэхьалъхьа план зэгъэІуам, 2019 - 2023 гъэхэм ятещІыхьам, щыуБзыхуаэхэр гъэззащІа зэрыхъым теухуауэ я Іуэху еплъыкІэхэмкІэ зэхъуэжащ зэІущІэм кьриихьэлІахэр, щхьэхэу кьэпсэльащ КЪБР-м и министр Къуэшырокъуэ Залым.

Зэхуэсым щыізэпкърахыну ягъэува Іуэхухэм хэпльа нэужь, КІуэкІуэ Казбек абы хэтхэм ягу кьигъэкІыжащ властым и гъэзэщІакІуэ, муниципальнэ органхэр республикэм исхэм я шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыным теухуауэ хабзэхъумэхэм быдзу ялыщІауэ ядэлажьэным мыхьэнэшхуэ зэриІэр. Унафэщым муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэмрэ КЪБР-м щІыхуэхэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэмрэ пщэрылъ ящиущащ егъэджэныгъэ Іуэхуущапіэхэм шынагъуэншагъэр кьыщызэгъэпэщыным адэкІи я нэІэ трагъэтыну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм зэІэпыхьыным ебэныным хуэгъэза лъэпкъ план, 2021 - 2024 гъэхэм ятещІыхьауэ, зэхэлъхьэным теухуауэ Урысейм и Президентым ышцхьэуІум и 16-м Іэ зыщІидза указым зэрыщыубзыхуам тету, республикэм и кьэрал властым и органхэм корупцэм пэщІэтыным хуэгъэза лэжьыгъэ ирагъэкІуэкІын зэрыхуейм. Абы кьэрал кьулыкъущІхэм яхь жэуапльныгъэр нэхъри егъэтІкІий икІи Іулъхьэ зэІэпыхьыным пэщІэтын лэжьыгъэм ехъулІэныгъэхэр щызыІэрыгъэхьэным хуэгъэпсащ. КІуэкІуэ Казбек кьалэн ящищІащ Урысейм и Президентым и указым кьыщыгъэлъэгъуаэхэр гъэззащІа хъун папщІэ, республикэм и зыхуэфащэ дэфтэрэхэм зэхъуэжІныныгъэхэр халъхьэну.

Махуэшхуэ зэхыхьэхэр зэкІэ щагъэІэнукъым

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Оперативнэ штабым и зи чэзу зэІущІэ иригъэкІуэкІащ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек видеоконференц мардэм тету щыщхьэуІум и 17-м иригъэкІуэкІащ Коронавирус узыфэ зэрыщІалэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщемыгъэубгъуным хуэунэтІа лэжьыгъэхэр кьыхэзрыщэрагъэпэщым, а узыфэм зэрыпэщІэтым теухуа Іуэхухэр зэкІэлъызыгъакІуэ Оперативнэ штабым и зэІущІэр.

АР кьыщыхэІуихым КІуэкІуэ Казбек кьыхигъэщащ эпидемиологие щытыкІэр республикэм иджыри гугъуу зэрыщыщытыр, сымаджэ хъуэхэмрэ госпиталхэм ягъэгъуэлъхьэмрэ я бжыгъэм зэкІэ хэмыхъуэ хуэдэу щытми. Абы кьыхигъэщхьэхуКІащ узыфэр зэуэ щыхуэдэ емыгъэуэлІэным хуэунэтІауэ ягъэува хабзэхэр уэим пщІы зэрымыхъунур, щыхуэхэм мастэр яхэлъхьэным пыщэн, мардэ пыухыкІахэм тетын зэрыхуейр.

«Роспотребнадзор»-м и Управленэу КЪБР-м щыІэм и унафэщІ Пагуэ Жыраслъэн зэрыжиІамкІэ, дызэрыт ильэсым и щыщхьэуІум и 17-м ирихьэлІэу коронавирусыр апкърытрэ апкърымытрэ зэхагъэкІын мурадкІэ лабораторэхэм къэпщытэныгъэу 673.776-рэ щрагъэкІуэкІащ, иужьрей жэщ-махуэм къриубыдэу - ПЦР къэпщытэныгъэу 1539-рэ. Узыфэр кьыізэрежьэрэ ар щыхуэ 28504-м, блэкІа жэщ-махуэм 89-м кьайуэлІауэ кьыщ ахутащ республикэм. Узыфэм цІыху 690-рэ илыкІащ (иужьрей жэщ-махуэм цІыхуищ). Ягъэхъужакъэм я бжыгъэр 26527-рэ мэхъу (зы жэщ-махуэм кьриубыдэу сымаджэщхэм щІатхьикІыжащ цІыху 73-рэ). ЦІыхуэхэм мастэр яхэлъхьэным теухуа Іуэхум и гугъу щыщыкІи Санитар дохутыр нэхъыщхьэм кьыхигъэщащ мастэр нэхъыбэу зыхезыгъэлъхьахэр лэжьапІэ Іэнатіэ Іутхэр арауэ зэрыщытыр, нэхъ мащІэу - студентхэмрэ уз гъэтІылъа зиІэжэмрэщ. Абы ипкъ итКІэ жьпІэ хуэну кьыщІэкІынущ узыр дяпэкІэ нэхъ зэуэлІэнкІэ хъунухэр иужьрейхэрауэ. Абы ягу кьигъэкІыжащ мастэр я лэжьакІуэхэм ящыщу зыхезыгъэлъхьахэм я бжыгъэхэр кьэлъытэным теухуа кьэпщытэныгъэхэр «Роспотребнадзор»-м Іуэхуущапіэхэм фокІадэм и 1-м и ужькІэ щригъэкІуэкІын зэрыщІидзэнур.

Кьалэбатэ Рустам жиІащ узыфэ зэрыщІалэ нэхъ щынагъуэхэр зыпкърытхэм щеІэзэ госпиталу плІы мы зэманым республикэм зэрыщылажьэр, абыхэм псори зэхэту гъуэлъыпІэ 930-рэ щІэтщ, 116-р реанимацэхэм яхуозэ. Узыфэр зыпкърытхэм я бжыгъэр нэхъыбэ хъумэ, кьызэІуахыным хуэхьэзырыр Тэрч, Шэджэм сымаджэщ нэхъыщхьэхэм, кьалэ клиникэ сымаджэщ №1-мрэ СПИД зыпкърытхэм щеІэзэ центрымрэ кьыщызэрагъэпэщ госпиталхэр. Мы зэманым госпиталхэм медицинэ дэІэпыкъуныгъэ щагъуэт сымаджэ 682-м, абыхэм ящыщу 89-р реанимацэхэм щІэлъщ. Коронавирус узыфэр зыпкърытхэр гъэхъужыным толажьэ медицинэ лэжьакІуэ 844-рэ. Министрым кьыхигъэщащ госпиталхэр газификаторхэмрэ кислород ткІуатКІуэр щахъумэ цистернэхэмкІэ и чэзум кьызэрызэрагъэпэщам и фыгъэкІэ цІыхур зэрагъэбауэ кислороду махуи 2 - 4-кІэ зрикъун гъэтІылъыгъэ яІэурэ зэрылажьэр.

Тхьэмбылым узыфэр нэсарэ нэмысарэ нэхъ пасэу зэхагъэкІын папщІэ комп ютер томографу 4 яІэщ, абыхэм ящыщу тІур жэщми махуэми зэпыу ямыІэу мэлажьэ. Илъэсыр кьызэрихьэрэ апхуэдэ кьэхутэныгъэу мин 30 хуэдиз ирагъэкІуэкІащ, зы жэщ-махуэм кьриубыдэу ику иту томографиеу 150-м щІигъу ящІ.

Коронавирус узыфэ зэрыщІалэм земыгъэубгъунымкІэ хэкІыпІэ нэхъыщхьэу кьэнэжыр цІыхухэм мастэр яхэІунырщ. Нобэм ирихьэлІэу мастэм и япэ хэІуГъуэр цІыху 148.762-м, етІуанэр 105.904-м халъхьащ.

Мастэр яхэлъхьэныр щІэхуабжьэ фІэкІа кьэтІасхъэркъым, ар зыхалъхьахэр узыр икІуэтын папщІэ зыхуеинум и процент 37,5-рэ хъуащ. Министрым жиІащ мы зэманым республикэм цІыхухэм мастэ щыхаІу щІыпІэу 82-рэ кьызэрыщызэрагъэпэщащ, ахэр зыгъэпсэхугъуэ махуэ ямыІэу сыхьэтэ 8-м кьыщыщІэдзауэ сыхьэт 20 пщІондэ мэлажьэ. Хущхьэуэр цІыхухэм яхэлъхьэным медицинэ лэжьакІуэ 718-рэ яужь итщ, гуп 78-м хэтхэр Іуэхущапіэхэм кІуэурэ а лэжьыгъэр ирагъэкІуэкІ.

Штабым и зэІущІэм щытепсэлъыхьащ санитар-эпидемиологие щытыкІэр къэлъытауэ, еджапІэхэм зэрыщІадзэжыну щІыкІэм. КЪБР-м щыхуэхэр егъаджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр Ёзауэ Анзор жиІащ егъаджэныгъэ Іуэхуущапіэхэм зэреса щыкІэм хуэдэу лэжьэн зэрыщІадзэжынур, шынагъуэншагъэм кьигъэуэ хабзэхэм тету. ЕджапІэм щыщІыхьэкІэ цІыхухэм я температурэр кьапщынущ, дэтхэнэ классми хуэхауэ щытынущ щеджэну пэш щхьэхуэ. Коронавирус узыфэр куэдым зэуэ кьайуэлІауэ кьахутэмэ, «Роспотребнадзор»-м кьигъэува мардэкэр я лъабжьэу абы щхьэхуэу унафэ тращІыхьы-нущ.

ЩІыпІэм щыІэ эпидемиологие щытыкІэр кьалъытэщ, ЩІыпІэ Санитар дохутыр нэхъыщхьэ Пагуэ Жыраслъэн и Іуэхуэсхэр едаІуэри, зэІущІэм щызэгурыІуащ фокІадзэм и 1-м мазэхуэу зэхуэсхэр еджапІэхэм я япэ классым кІуэхэм щхьэкІэ фІэкІа кьызэрамыгъэпэщыну, ари профилактикэ мардэ псори ягъэзащІэу. Хымидзкіэ, унафэ кьащтащ республикэм и Къэралыгъэм и махуэм и щІыхькІэ цІыху куэд зыхэт махуэхуэу дауэдапщэхэри ирамыгъэкІуэкІыну.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуущапіэм къызэритамкІэ.

Ди къуэш республикэхэм

ЩІалэгъуалэм гъуэгу хухаш

АДЫГЕЙ. **АР-м и Іэтащхьэ Къумпіыл Муратрэ Урысейм и ЩІалэгъуалэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Красноруцкий Павелрэ лэжьыгъэ Іуэхукіэ зэхуэзащ. Къумпікъуащіэхэр тепсэлъыхьащ хэгъэгум щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм зыщегъэужьыным икІи РСМ-мрэ Адыгейм и Правительствэмрэ дяпэкІэ зэрызэдэлажьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэ зэращІылІащ.**

АБЫ кьызэщІеубыдэ кьыдэкІуэтей щІэблэр хэкупсэу гъэсэныр, щІалэгъуалэ творчествэр дэІыгъыныр, хэгъэгу кІуэцІ щІалэгъуалэ туризмэм зегъэужьыныр, хамэ кьэралхэм ныбжьыщІэ Іуэхухэмкіэ ядэлажьэныр, ахэр лэжьапІэ Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщыныр, нэгъуэщІхэри. «Урысейм и ЩІалэгъуалэм я зэгухьэныгъэм унэтІыныгъэ зыкъомкІэ куэд щІауэ дыдолажьэ. Ди хэгъэгум ис щІалэгъуалэ куэд пандемием и лъэхъэнэм волонтёр зэщІэхъеныгъэм кьыхьэри, хуэныкъуэхэм ядэІэпыкъуащ. КъыдэкІуэтей щІэблэм кьыхалъхьэ жэрдэмхэр ядэІыгъынымкІэ, щІалэгъуалэ самоуправленэхэм зегъэужьынымкІэ дяпэкІи ди гуапэу дыдэлэжьэнущ», - жиІащ Къумпіылым.

Анэ мылъкур сэбэп мэхъу

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **2021 гъэр къызэрихьэрэ Анэ мылъкум и сертификатыр республикэм щратащ унагъуэ 2000-м. Илъэс 14 лъандэрэ ягъэзащІэ а къэрал программэм ипкъ иткІэ КъШР-м анэ мылъкур унагъуэ мин 39,5-м къаІэрыхьащ. «Демографие» лъэпкъ проектым хэт къэрал дэІэпыкъуныгъэр сабий етІуанэ къызэрыхъуа унагъуэхэм ират 2007 гъэ лъандэрэ.**

2020 гъэ лъандэрэ япэ сабийм щхьэкІи ирату щІадзащ ахъшэр. Ялъ сабийм - сом мин 483-рэ, 2020 гъэм щегъэжьауэ сабий етІуанэм щхьэкІэ мини 155-рэ дыщІагъуащ.

Анэ мылъкур лІэужьыгъуитхуу кьэбгъэсэбэп мэхъу: псэукІэр егъэфІэкІуэн, сабийм щІэныгъэ егъэгъуэтын, анэм кьратыну пенсэм хэхъуэныкІэ къэгъэсэбэпын, сабий ныкъуэдыкъуэхэр жылагъуэм хэзгъэнымкІэ ядэІэпыкъун, 2018 гъэм щІышылэм и 1-м иужькІэ етІуанэ сабий зыгъуэта унагъуэ хуэмыщІам ахъшэр тегуэшауэ мазэ кьэс етын. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми хуэгъэпсауэ кьыхах Анэм и мылъкур хуабжьу сэбэп яхуохьу унагъуэхэм.

Урысейр Абхъазым доІэпыкъу

АБХЪАЗ. **Урысейм Зыхъумэжыныгъэмкіэ и министерствэм и дзэ госпиталь Абхъазым щигъэуващ, коронавирус уз зэрыщІалэм ебэныныкІэ ядэІэпыкъун папщІэ.**

МОБИЛЬНЭ медицинэ гупыр дзэ кьулыкъущІэу 100-рэ техникэу 30-рэ мэхъу. Госпиталым сымаджэу щэм зэуэ щеІэзэфынущ. Ар Сыхъум дэт «Айтар» пансионатым кьыщызэрагъэпэщащ, дэлъэдапІэ щхьэхуэу иІэу, езыр кьэхуихьауэ. Госпиталым иІэщ ИВЛ аппаратыр, рентген, УЗИ зэращІ, лъыр кьызэрапщытэ Іэмэпсымэхэр. Апхуэдэуи хы ФІыщІэ Іуфэр химие, радиацэ, биологие я лъэныкъуэкІэ ягъэкъэбзэн папщІэ, а Іуэхум хуэщІа машини 10-рэ Іэщ Іагъэлі 30-рэ ягъэкІуащ. Абыхэм социальнэ Іуэхутхьбзэ щащІэ щыІэпІэ проблемэ мы махуэхэм ягъэкъэбзэнущ.

ИджыкІэ Абхъазым щыпсэухэм, и хьэщІэхэм, и гъунапкъэр зэпызычэм папщІэ жьпхъэщІэхэр иубзыхуащ, коронавирусым щІыхубгъ щыхъуа хъун папщІэ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

«Биолог-Новокубанск» - «Спартак-Налшык» - 1:0

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и Ялъ гупым щекІуэкІ зэхъэзэхуэм ипкъ иткІэ Новокубанск кьалэм дыгъуэпшхь щызэхэта зэІущІэм апхуэдэ бжыгъэ кьрикІуащ.

Джэгур зэрекІуэкІамрэ абы иужькІэ турнир таблицэм игъуэта теплъэмрэ ятеуха тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Сом мини 100-кІэ ягъэпэжэнущ вакцинэр зыхезыгъэлъхьахэр

Коронавирус узыфэ зэрыщІалэ лІэужьыгъуэщІэм зэрыпэщІэт вакцинэр зыхезыгъэлъхьа щІыхуэхэр зэрагъэпажэ программэм мыгувэу къэралым лэжьэн щыщІидзэнущ. Абы теухуа унафэм Іэ щІидзащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщі Мишустин Михаил. Лотереекіэ ягъэджэгуну ахъшэ саугъэтэхэр кьахьыну Іэмал иІэнущ зи ныбжьыр илъэс 18-м щІигъуауэ мастэр зыхезыгъэлъхьа дэтхэнэ зыми.

ІУЭХУР ирагъэкІуэкІынущ 2021 гъэм фокІадэм и 1-м щегъэжьауэ дыгъэгъазэм и 1 пщІондэ. Абы зэрыхэтынур мастэр зэрызыхрагъэлъхьамкІэ и щыхэт регистрым кьызэрыщыщІэлъэгъуа бжыгъэмкІэщ. Лотереем и оператору щытынущ «Гознак» акционер зэгухьэныгъэр. Ахъшэ саугъэтхэр щагъэджэгунущ «бонусзаздоровье.рф.» сайтым, абы кьрикІуами абдеж щыгъуазэ зыщыкъуэпщІыжыфынущ, апхуэдэуи хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэми ар иІуэ кьащІынущ.

«Вакцинэр зыхезыгъэлъхьахэр гъэпэжэнным теухуа программэмкІэ УФ-м и Правительствэм щІыщІэ и къуэдзэ Голиковэ Татьянэ, кьыхахьа унафэм зэрепльыр щыцІыхІэм.

Компьютерым и Іэмалхэр кьагъэсэбэпу ирагъэкІуэкІыну лотереемкІэ цІыху 1000 ягъэпэжэнущ, абыхэм дэтхэнэми сом мини 100 иратынущ.

Ахъшэ саугъэтэр кьызэрахьа хъыбарыр хуагъэхьынущ цІыхум Къэрал, муниципальнэ ІуэхутхьбзэхэмкІэ зыуэ щыт порталым щиІэ «кабинет щхьэхуэм». Ахъшэр МИР банк картэм ягъэкІуэну аращи, абы и реквизитхэр кьэгъэпэгъуауэ щытын хуейщ. Саугъэтыр кьэзыхьахэм кьаІэрыхьэжынущ мазихым кьриубыдэу.

Фигу кьэдгъэкІыжынщи, COVID-19-м зэрыпэщІэт вакцинэр Урысейм и цІыхухэм халъхьэн щІадзащ мы гъэм и щІышылэм и 18-м щегъэжьауэ. УФ-м Узышаньгъэр хъумэныкІэ и министерствэм кьызэритымкІэ, зыщщхьэуІу мазэм и пэщІэдзэм ирихьэлІэу кьэралым и цІыху мелуан 37-м хущхьэр ирахьэлІащ.

Урысейм и кьулыкъущІэхэм нэхъапэкІи ирагъэкІуэкІащ коронавирусым зэрыпэщІэт вакцинэр зыхезыгъэлъхьа щІыхуэхэр щагъэпажэ насыпырихь джэгуэр. Апхуэдэу Москва щагъэджэгуащ мелуаным нэблагъэ зи уасэ «Renault Logan» автомобилыр, Подмосковье - уна.

ТХЬЭХУЩІНЭ Ланэ.

2021 фокІадэм и 19

Къэрал Думэм и ДЕПУТАТХЭР ХАХ

Зыщхьэуіум и 17-м КЪБР-м и Правительствэм щекІуэкІащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и ешнэ зэхьыхьэгъуэм и хэхыныгъэхэм хэтыну политикэ партэхэр, кандидатхэр республикэм и телевиденэмрэ радиомрэ къызэрыщыпсэльэну чэзумрэ я тхыгъэхэр газетхэм къызэрыщытрадзэнумрэ зыгъэбелджылы пхъэидзэр.

ЗЭІУЩІЭР иригъэкІащ КЪБР-м и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІым и къуэдзэ Джаппуев Мусэ. Абы кьрихьэлІащ политикэ парту 14-м я лЫкІуэхэмрэ хэхыныгъэхэм хэтыну зыкьыщыізыгъэлъэгъуа кандидати 5-рэ.

Фокіадэм и 19-м екІуэкІыну хэхыныгъэхэм ипэ кьыхуэу, я Іуэху еплъыкІэрэ бгъэдыхьэкІэрэ щІыхуэхэм я деж нахьэсын папщІэ, абыхэм пщІэншэу хуит хуащІ радиомрэ телевиденэмрэ я эфирэр, газет напэкІуэцІкІэр. Апхуэдэу, пхъэидзэкІэ трагъэшащ щыщхьэуІум и 24-м кьыщыщІдзауэ хэхыныгъэхэм кьэсыху «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм я тхыгъэхэр кьыщытехуэну махуэхэр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Я мурадхэм цІыхухэр щагъэгъуэзэн блыщхьэм щІадзэ

комиссэм и унафэщІым и къуэдзэ Джаппуев Мусэ. Абы кьрихьэлІащ политикэ парту 14-м я лЫкІуэхэмрэ хэхыныгъэхэм хэтыну зыкьыщыізыгъэлъэгъуа кандидати 5-рэ.

Фокіадэм и 19-м екІуэкІыну хэхыныгъэхэм ипэ кьыхуэу, я Іуэху еплъыкІэрэ бгъэдыхьэкІэрэ щІыхуэхэм я деж нахьэсын папщІэ, абыхэм пщІэншэу хуит хуащІ радиомрэ телевиденэмрэ я эфирэр, газет напэкІуэцІкІэр. Апхуэдэу, пхъэидзэкІэ трагъэшащ щыщхьэуІум и 24-м кьыщыщІдзауэ хэхыныгъэхэр кьэсыху «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм я тхыгъэхэр кьыщытехуэну махуэхэр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

ЩІэблэм ягъуэт щІэныгъэм и фІагъым хэгъэхъуэным гулъытэ хэха хуащІ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэм курыт щІэныгъэ егъэгъуэтынымкІэ и Іуэхущ Іапі эхэм щекІуэкІ лэжьыгъэр егъэфІэкІуэным щытепсэлъыхьа зэІущІ.

АБЫ ХЭТАЩ КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КЪР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Хьубий Марат**, КЪР-м цІыхухэр егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкі э и министр **Езауэ Анзор**, Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым урысыбзэмрэ бзэщІэныгъэхэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ, КЪР-м цІыхухэм курыт щІэныгъэ егъэгъуэтынымкІэ и щІыналъэ егъэджэныгъэ-методикэ зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэ, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Башиевэ Светланэ**, Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым экономикэмрэ менеджментымкІэ и кафедрэм и доцент, физико-математикэ щІэныгъэхэм я кандидат, егъэджэныгъэмкІэ Урысей академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым и унафэщІ, КЪР-м ЦІыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрствэм къэхьэхащІэхэр къэхъуэпсынымкІэ и совет тым и пащэ **Насып Артур**, КЪР-м ЦІыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрствэм егъэджакІуэхэм я Іэщ Іагъэм зэпымыуэу зэгъэхъуэныкІэ и щІыналъэ егъэджэныгъэ-методикэ зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэ, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Къэрэшэй-Шэрджэсым Ислъамбий Къэрэшэй** и ныбжьыр ильэс 86-рэ ирокъу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэщ щІэныгъэ зыхъуэжьыр ильэс 112-рэ ирокъу. ♦УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ, Мейкьуапэ щІыхь зиІэ и щІыхь **Щхьэкіуэмыдэ Нурие**т кІыщалъхуэ махуэщ.

♦КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къэжэр Валерэ** кІыщэралъхуэрэ ильэс 72-рэ ирокъу.

♦США-м и 42-нэ президенту (1993 - 2001 гъэхэм) щыта **Клинтон Билл** и ныбжьыр ильэс 75-рэ ирокъу.

♦Режиссёр, сценарист, УФ-м и цІыхубэ артист **Михалков-Кончаловский Андрей** и ныбжьыр ильэс 84-рэ ирокъу.

♦Индиемэ и премьер-министру щыта **Ганди Раджив** кІыщэралъхуэрэ ильэс 77-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх кІыщешхынущ, Хуабэр махуэм градус 26 - 28-рэ, жэщым градус 20 - 21-рэ щыхъунущ.

Щыщхьэуіум и 20, *мэрем*

♦**Щхьэхынагъэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Аргуэйм и дунейпсо махуэщ**

Зэлущ Іэм щыІэпкърахащ курыт щІэныгъэ етын Іэнатіэм и щытыкІэр къэпщытэным, абы ЕГЭ-м къриКІуэхэр зэхэпхъэжьнри хэту, и Іуэху зыІутым. Иужьрей илъэсхэм къагъэлъэгуащ математикэ, физикэ, химие, тхыдэ, географие предметхэр щІэм тету егъэджын зэрыхуейр.

Зэлущ Іэм щыІэныгъэщхьэхуКІащ щІэныгъэ зэрарат, абы къэпщытэныгъэхэр зэрыщрагъэкІуэкІ щыкІэр щыналъэм зы щапхъэм щытетын, егъэджэныгъэ Іэнатіэм щекІуэкІ лэжьыгъэм и фІагъыр къэІэтыным дэтхэнэ егджанІэми хилъхьэр зыхуэдизыр къэлъытэн, апхуэдэуи еджанІэм щекІуэкІ пэжьыгъэмкІэ, егъэджакІуэхэм я щІэныгъэм и кууагъымкІэ, школым пІэщІэу щІэблэм щІэныгъэ егъэгъуэтынымэ зегъэужьынымкІэ егъэджэныгъэ Іуэхущ Іапі эм и унафэщым ихь жэуапым хэгъэхъуэн зэрыхуэйр.

Зэлущ Іэм и кІэм КІуэкІуэ Казбек КъБР-м ЦІыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрствэм пщэрылъ зыбжанэ ящищІащ еджакІуэхэм ягъуэт щІэныгъэм и фІагъым хэгъэхъуэным хуэгъэпсауэ зэхалъхьа Іуэхухэр дзгъэбынжьм хуэунэтІауэ. Мыбдежьым нэхъыщхьэу гулъытэ зыщІихуащІынур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІэныгъэ Іэнатіэр егъэфІэкІуэным цІыхухэм щІэныгъэ егъэгъуэтынымкІэ Іуэхущ Іапі эхэм хуащІ хэлъхьэныгъэхэмрэ я еджанІэхэм я унафэщІэр Іуэхум зэрехьуІІамрэ я рейтингыр зэхэпхъэныгъэ, егъэджакІуэхэм я щІэныгъэм хэгъэхъуэным хуэгъэпса щІыналъэ программэм къыщыгъэлъэгуахэр зэгъэхъуІІэныгъ, апхуэдэуи щІэблэм математикэмкІэ, физикэмкІэ, химиемкІэ, биологиемкІэ, тхыдэмрэ географиемкІэ щІэныгъэ езыгъэгъэзыну студент нэхъыфІхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и стипендиер ирату ягъэувын папщІэ зыхуэфащэ дэфтэрхэр гъэхьэзырынырщ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Лъэпкъ мащІэм и къару лъэщ

Ильэс 29-рэ ирикъуащ Куржы-Абхъаз зауэм зэрыщІидзэрэ. Хэкум и хъумакІуэхэм я фэеплъ махуэм, хабзэ зэрыхъуам, тету Іуэхугъуэхэр щекІуэкІащ Сыхъуми, республикэм и щыналъэхэми. Щіыхьым и мемориалым удз гъэгъахэр тралъхащ Абхъаз Республикэм и Президент Бжание Аслъэн зи пашэ къулыкъущІэ гупым, зауэм и ветеранхэм, хэкІуэда щІалэхэм я адэ-анэхэм, жылагъуэм, щІалэгъуалэм я лыкІуэхэм.

АР-м и ятіэ президенту щыта Ардзинбэ Владислав и кІэащхьэри гулъытэншэ ящыІыркъым а махуэм, ар къыщалъхуа Эшерэ къуажэм дащІыхьа мемориал фэеплъым удз гъэгъа Іэрамэхэр тралъхащ.

Апснир яхуэщыгъуащ мамыр гъащІэр зи фІыщІэхэм - Абхъазым щыщу зауэм хэкІуэда цІыху мини 3,5-мрэ къыщыхъущжакІуэу мафІэ лыгъейм зи щхьэр хэзылъхьа щІалэ 260-мрэ.

ФІыщІэ ин пылъу ди къуэшхэм а махуэм ягу кьагъэкІыж Куржы-Абхъаз зауэм Кавказ Ищхьэрэм, Урысейм и Ипщэ щІыналъэм, нэгъуэщІ республикэхэм, крайхэм, областхэм щыщу хэкІуэдахэмрэ лІыгъэ зезыхьахэмрэ. 1992 гъэм щыщхьэуІум и 15-м Сосналиу СулътІан зи пашэ ятіэ щІалэхэр ихьат зауэ къыщыхъея Абхъаз хэкум. Абы ипкъ иткІэ, 2013 гъэм щыщхьэуІум и 8-м АР-м и президенту щыта Анкваб Александр къыдигъэкІащ щыщхьэуІум и 15-р махуэшхуэу гъэувыным теухуа унафэр.

Зауэ къызэрыхъеяр зэхэзыха ГъунэгъуІэхэр, къуэшхэр, гупири щхьэзакъуэуи, бгым щхьэпрыкІри, абхъазхэм якъуэващ. Къаруки, цІыху бжыгъэкІи, Іэщэкіи нэхъ гуащІэмащІэ лъэпкъыу къалъытэри, куржыхэр ятеуат абхъазхэм. Ауэ абыхэм ягуГъакъым апхуэдизу цІыху къакъуэувэну. Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхьэрэ - Аланием, Осетие Ипщэм, Шэшэным щыщ щІалэхэр, Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэр, уеблэмэ, Приднестровьем, Урысейм и ипщэ лъэныкъуэм щыІэ жылэхэм щыщ къэзакъхэр, урысхэр кІуат абы. КъищынэмыщІауэ, Кавказ Ищхьэрэм и щІыналъэхэм пэкІухэр къыщыхэгъэпэщырт Абхъазым зауэр щагъэувыІэну къагъэуву, Урысей Федерацэм и унафэщІхэм зыхуагъаэзрт. Мис ахэри сэбэпышхуэ хуэхъуащ Абхъазым и текІуэныгъэр къэблагъэзным.

МащІэкъым Апсным и щхьэхуитыныгъэм щІита Урысейм и ипщэ лъэныкъуэм щыІэ жылэхэм щыщ къэзакъхэр, урысхэр кІуат абы. КъищынэмыщІауэ, Кавказ Ищхьэрэм и щІыналъэхэм пэкІухэр къыщыхэгъэпэщырт Абхъазым зауэр щагъэувыІэну къагъэуву, Урысей Федерацэм и унафэщІхэм зыхуагъаэзрт. Мис ахэри сэбэпышхуэ хуэхъуащ Абхъазым и текІуэныгъэр къэблагъэзным.

МащІэкъым Апсным и щхьэхуитыныгъэм щІита Урысейм и ипщэ лъэныкъуэм щыІэ жылэхэм щыщ къэзакъхэр, урысхэр кІуат абы. КъищынэмыщІауэ, Кавказ Ищхьэрэм и щІыналъэхэм я щІэныгъэ егъэгъуэтынымкІэ и щІыналъэ егъэджэныгъэ-методикэ зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэ, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор Къэрэшей-Шэрджэсым Ислъамбий Къэрэшей и щІыгум ирахужри, я щхьэхуитыныгъэр зэфІэкІуэвэжащ.

Нобэ Апсным и уІэгъэр игъэхъужащ, и щхьэхуитыныгъэр къэрал зыбжанэм къыщалъытащ. Урысей Федерацэмрэ адрей и Іэпэ-къуэгъуэхэмрэ я фІыщІэкІэ, Абхъазым нобэ иІэ экономикэ щытыкІэр ирегъэфІакІуэ, и лъэщагъым хегъахъуэ, щынагъэншагъэр къыззрегъэпэщ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Щыщхьэуіум и 19, *махуэку*

♦**Гуманитар дэІэпыкъуныгъэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Сурэтым и дунейпсо махуэщ**

♦**Украинэм щагъэлъапІэ бжьахъуэм и махуэр**

♦**Афганистаным и щыщхуитныгъэм и махуэщ**

♦**США-м и авиацэм и махуэщ**

♦**Джанэ кусэм и махуэщ**. 1874 гъэм урыс флотым къулыкъу щызыщІэхэм я фащэу кащтащ кусэ щыхуэр зыпхыкІ джанэр.

♦**1839 гъэм** Санкт-Петербург пэмыжыжьэу кІыззІуахащ Пулковскэ обсерваторие. Иджыпсту ар Урысей Федерацэм и астрономие Іуэхущ Іапі э нэхъыщхьэщ.

♦**1887 гъэм** щар Іэпщэм ису зиІэтри, Менделеев Дмитрий кІэлъыплъащ дыгъэр зэрыкъуиІафэм.

♦**1895 гъэм** Лондон кІыщІыззрагъэпэщащ Дунейпсо кооператив зэгухьэныгъэр.

♦**1942 гъэм** Къардэн Къубатий Елхъуэт (Осетие Ищхьэрэ) и деж бийм и кхъухьлъатитІ кІыщиудыхащ.

♦**1944 гъэм** Покрышкин Александр къэралым щыяпэу Совет Союзым щэнэрп я Лыхъужь хуащ.

♦**1947 гъэм** А витаминыр зэхалъхащ.

♦**1960 гъэм** Байконур космодромым тельэтыкІащ Белка, Стрелка хьэкэр зэрыса «Спутник-5» кхъухьыр. Ар щыщхьэуІум и 20-м къэтІысыжащ.

♦**1981 гъэм** кІыззрагъэпэщащ СССР-м Къэрал шынагъэшнагъэмкІэ и комитетым егъэщІылІа «Вымпел» гуп хэхар.

♦**1991 гъэм** ГКЧП-м - къэрал унафэр зыубыдыну яужь ихьа гупым - СССР-м чрезвычайнэ щытыкІэ щигъэуват.

♦Фэилъхьэгъуэхэр къэгупсысыныкІэ, ахэр дыныкІэ цІэрыІуэ дыдэ хъуэуэ щыта, XX лІащІыгъуэм и модэм и тхыдэм лъэужь тельыджэ кхьихэзына бзыльхъугъэ **Шанель Габриэль** кьызэралъхурэ ильэси 138-рэ ирокъу.

♦КъБР-м, КъШР-м, АР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Бищо Анатолэ** кьызэралъхурэ ильэс 86-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къэжэр Валерэ** кьызэралъхурэ ильэс 72-рэ ирокъу.

♦США-м и 42-нэ президенту (1993 - 2001 гъэхэм) щыта **Клинтон Билл** и ныбжьыр ильэс 75-рэ ирокъу.

♦Режиссёр, сценарист, УФ-м и цІыхубэ артист **Михалков-Кончаловский Андрей** и ныбжьыр ильэс 84-рэ ирокъу.

♦Индиемэ и премьер-министру щыта **Ганди Раджив** кьызэралъхурэ ильэс 77-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх кьыщешхынущ, Хуабэр махуэм градус 26 - 28-рэ, жэщым градус 20 - 21-рэ щыхъунущ.

Щыщхьэуіум и 20, *мэрем*

♦**Щхьэхынагъэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Аргуэйм и дунейпсо махуэщ**

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Пластэгъажьэ зиужьыжащ.

♦**Эстониемрэ ЕгъэлъапІэ СССР-м къыхэкІыу къэрал щыхьэхуит щыхъуа махуэр.** 1991 гъэм Эстоние Республикэр къэрал щхьэхуэ зэрыхъужам теухуа унафэ кІыщІащ абы и Совет Нэхъыщхьэм.

♦**1634 гъэм** Бурцов Василий Москва щІиІэ и тхылъ тедзапІэм хьэщыдигъэкІащ япэ буквэр.

♦**1721 гъэм** Петергоф щаутІыпщащ иджы дуней псом щыщІэрыІуэ псыутэ тельыджхэр. А щІыпІэм уардэунэхэри псыутэхэри зыхэт ансамбль щыхуэныр зи жэрдэмыр Пётр Езанэрт. Франджым и унафэщІхэм Версаль щалъ хэщІапІэм екъэехуэ щыпІэ тельыджэ Фин псыдэльэдапІэм щищынир и хуэгъэпсапІэт Урысейм и императорым икІи а лэжьыгъэм хэриШэлІат архитектор щІэрыІуэ куэд. Иджыпсту теплъэр игъэуэтын папщІэ илъэс щитІым нэблагъэкІэ екІуэкІащ а лэжьыгъэхэр.

♦**1913 гъэм** Япэ Урысейпсо спорт олимпиадэр Киев къалэм кьыщыззІуахащ.

♦**1915 гъэм** Дзэм къулыкъу щищІэну хьыкащ зи ныбжьыр илъэс пщыкІуий иркъуэ Жуков Георгий - иужькІэ дззэешэ лъэщ, Совет Союзым и Маршал хъуар.

♦**1918 гъэм** «Дунейпсо литературэ» тхылъ тедзапІэр кьызэрагъэпэщащ.

♦**1922 гъэм** Москва къратыкІыу хуежьащ къэралым и щІыпІэ куэд дыдэм нэс радионэтынхэр.

♦**1941 гъэм** кІуэгъэсоветыдзэхэм ДнепрэГЭС-р къагъэуэн хуей хъуат. Совет къэралыгъэм и Іэтащхьэхэм апхуэдэ унафэ ящІат ар бийм льаманыгъэсын мурадкІэ.

♦**1945 гъэм** СССР-м ЗыхьумэжьныгъэмкІэ и къэрал комитетым и унафэкІэ кьызэрагъэпэщащ ураныр къэгъэсэбэпыным елэжь гупым кІэлъыплъ, зи ІуэхущІафэхэр яущэхуу щыта комитет хэха.

♦**1945 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумыр арэзы теухуэри къишащ Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм и Уставыр.

♦**1951 гъэм** СССР-м кьыщызэрагъэпэщащ ДОСААФ зэгухьэныгъэр.

♦**1953 гъэм** Совет Союзым хэІущІыІу ищІащ водороднэ бомбэм и льэщагъэр зэриГъэунэхуам теухуа хьыбарыр.

♦Шахматхэмкіэ дунейм и чемпионкэ, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер **Рубцова Ольгэ** кьызэралъхурэ ильэси 112-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ, Мейкьуапэ щІыхь зиІэ и щІыхь **Щхьэкіуэмыдэ Нурие**т кІыщалъхуэ махуэщ.

♦КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къэжэр Валерэ** кьызэралъхурэ ильэс 72-рэ ирокъу.

♦США-м и 42-нэ президенту (1993 - 2001 гъэхэм) щыта **Клинтон Билл** и ныбжьыр ильэс 75-рэ ирокъу.

♦Режиссёр, сценарист, УФ-м и цІыхубэ артист **Михалков-Кончаловский Андрей** и ныбжьыр ильэс 84-рэ ирокъу.

♦Индиемэ и премьер-министру щыта **Ганди Раджив** кьызэралъхурэ ильэс 77-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх кьыщешхынущ, Хуабэр махуэм градус 26 - 28-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ.

МафІэм зыщыфхъумэ

КъБР-м и Правительствэм и Унафэкіэ 2021 гъэм щыщхьэуІум и 5-м щыщІэдзауэ фокІадэм и 20 пщІондэ республикэм мафІэсым пэщІэтыным теухуа щытыкІэ хэха щІэзэуващ. Ар хуэунэтІащ мафІэс къэхъунымкІэ щыІэ шынагъуэр гъэмэщІэным.

УНАФЭМ хуит ищІыркъым мафІэ щІыныр, екъужьыр, удз гъуар гъэсыныр, мафІэс къэзышэнкІэ хьуну лэжьыгъэхэр егъэкІуэкІыным. МафІэсым пэщІэтыным хуэгъэпса мардэхэр уэим зыщІыр административнэ, уголовнэ жэуапым ирашэлІэнущ.

Апхуэдэ щытыкІэ республикэм щыгъэувынымкІ Іэмалыншагъэм кІуачІэуащ, сыту жыпІэмэ, дунейр хуабащэщи, ублэрыгъэмэ мафІэс къэхъунымкІ бетэмалщ, цІыхухэм къэкІыгъэ гъуахэр щІэх-щІэхыуэ зэрагъэсым къыхэкІыу.

МафІэсым пэщІэтыным теухуа щытыкІэ хэхам ипкъ иткІэ хуит ящІыркъым:

- къуажэхэмрэ къалэ щІыналъэхэмрэ, жыг, хадзэхэ зыгъэкІ зэгухьэныгъэхэм, апхуэдэуи гъущІ гъуэгу, автомобиль гъуэгухэм ябгъуэхэм мафІэ щыщІынир, къэкІыгъэ гъуаэхэмрэ кІэрыхучІэрыхуэхэмрэ щыгъэсынир;

- мэкъумэш щІалІэхэм итырыгъуэхм ІыгъэщІ щедзынир, кІэрыхубжьэрыхуэр, пхъэнкІийхэр мэзхэм, мэз пІапэхэм, кІуажэхэмрэ абыхэм къеГъащІылІа щІыпІэхэмрэ, мэкъумэш Іэнатіэм хуэхха щІы Іыхьэхэм щыгъэсынир, кІынэмыщІауэ, мафІэс къэзышэнкІэ хьуну лэжьыгъэхэр егъэкІуэкІынир;

- мэзхэмрэ абыхэм къеГъащІылІа щІыпІэхэм, апхуэдэу мэкъумэш Іэнатіэм ей щІыхьэм дэпкІэ ерыскъыхэкІ щыгъэхъэзырынир.

КьищынэмыщІауэ, щІыпІэ унафэ зегъэкІуэнымкІэ органхэм я кІэлъыплъ щІыпІэ щыІэ щІыпІэхэм ебэлІа хабзэр зэрагъэзащІэм.

МафІэсым пэщІэтыным теухуа щытыкІэ хэхам кьигъэувэхэр ямыгъэзащІэмэ, административнэ къуэдзу тралъхьэнущ:

- щІыхухэм - сом 2000-м щыщІэдзауэ 4000-м нэс.

- кІулыкъущІэхэм - сом 15000-м щыщІэдзауэ 30000-м нэс.

- хьэрычэтыщІэ Іуэху зезыхьэхэм - сом 30000-м щыщІэдзауэ 40000-м нэс.

- юридическэ лицохэм - сом 200000-м щыщІэдзауэ 400000-м нэс.

Хабзэм зэрытемытам и зэранкІэ псэдзыгъэ къэхъуамэ е абы хэщІыныгъэшхуэ кьишамэ, Урысей Федерацэм и законодательствэм тету уголовнэ Іуэху кьаІэтынущ.

Фигу къэдгъэкІыжьнщи, Урысей МЧС-р спутниккІэ жэщи махуи кІэлъоплъ мафІэс къыщыхъункІэ нэхъ шынагъуэ е апхуэдэ лыгъэ здэщыІэ щІыпІэхэм, абыхэм ди республикэри яхэту.

ЦІыхухэр фыкъыхуодожь набдзэгубдзапІэзу фыщытыну. Мыхьэнэшхуэ иІэщ мафІэсым зыщыхъумэнымкІэ Іэмалхэу щІынальэм и гъэзэщІакІуэ властым и органхэм яГъуэвахэм тетынын. Ди щхьэри фи Іыхьлыхэри фхъумэ!

Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Лъагъуныгъэмрэ зэпыщІэныгъэмрэ зыгъэбыдэ Іэшрыі

Адыгэхэм ижь-ижьыж льэндэрэ Іэшрыі дощІ къурмэн зэрыдукІрэ мазэ дэкІа иужькІэ. А махуэм нартыхум е прунжьым кьыхэщІыкІа хьэнтхъупс ягъавзурэ хьэблэмрэ Іыхьлымрэ кьыщрахьэжІ хабзэщ. Ар ди зэхуаку дэлъ лъагъуныгъэмрэ зэпыщІэныгъэмрэ зыгъэбыдэщ икІи умыгъэзащІэкІэ гуэныхь зыпылъкъым.

ДАУЭ КЪЕЖЬА Іэшрыі икІи сыт абы и мыхьэнэр? «Іэшрыі» псалъэр зыщыстекІар хьэрыпІ «гъашурат»-ращ («епщІанэ» кьикІыу аращ). А махуэр мусулъмэнхэм ягъэльапІэ. Ар кьыбгурыІуэн папщІэ, тхыдэм кІууэ уэхэпльэжьн хуейщ. Мы Іуэгъуэр зэпхар Мусэ бегъымбарымрэ абы и лъэпкъымрэ зэгуэрым кьащыщІащ.

Иджыпсту «журткІэ» дызэджэ Хьэзрэіил и бынэр пасэрей зэманым Мысырым (Египетым) щыпсэуащ, Алыхьыр ягъэзакъуэу. Ауэ а псалъэхэр а щІыпІэхэм я тэкъым. Хэхэсу щытми, абыхэм яхуэзэфІэкІат здэІэпхъуэ къэралым къулыкъушхуэхэр щаубыдыну, щІым и нэхъыфІыр зыІэрагъэхьэну. Ар, дауи, зигу иримыхьхэр куэду щыІэт.

Апхуэдэ тепщэгъуэ Хьэзрэіил и бынэм ягъуэту щилъагъум, Мысырым и фирхьэуным (пащтыхьым) мурад быдэ ищІащ ахэр зэтриукІэну. Абы кьыдигъэкІа унафэ ткІийм журтхэм я тетыгъуэр игъэкІуэдырт икІи щІыуэ зыІэрагъэхьари къатрихьыжырт. КьищынэмыщІауэ, Хьэзрэіил и бынэм сабийуэ кьащІэхъуэм щІалэ цІыкІуу къахэкІыр яуКІырти, хъыджэбзхэр кьагъанэрт. А псори фирхьэуным щІищІэр журт лъэпкъыр игъэкІуэдын, щІэблэм я къуэпсыр пиупщІын мурадкІэт.

А лъэхъэнэрат Алыхьым и нэфІыр зыщІыхуа Мусэ бегъымбарри кьыщалъхуар. Унафэ щІыІэмкІэ ари яуКІын хуейт, ауэ Тхьэм кьыхъуІащ. Алыхьым Мусэ кьэзылъхуам унафэ хуищІащ имытхьэлэн хуэдэу и къуэр гущэм трипхэу псым тригъэтІысхьэну. Анэм а унафэр, дауи, фІэкІыпІэншэу игъэзащІащ - сабий къалъхуагъащІэр гущэм быдэу трипхэри, гъуэгуанэ мыцІыхуэм тригъэуващ.

Зы зэман гуэр дэкІри, гущэр пащтыхьым и унэм деж псым Іуихьащ. Ар унэІутхэм кьащІалъагъум, сабийр гуащэм хуахьащ. Абы езым бын иІэтэкъыми, псым кьихьа цІыкІур къигъэнэжащ. Апхуэдэу Тхьэм и Іэмыркіэ Мусэ бегъымбарыр пащтыхьым и унагъуэм кьащцыхутащ. Ар еІІалІэу, зыхуей хуэзэу абы кьащцагъэхуащ.

Мусэ цІыху пэжу, захуэу, лей зезыхьэр имыдэу кьыдэкІуэтежащ. Алыхьым и фІыщІэри абы лъысащ икІи бегъымбару цІыхухэм кьахихри, ахэр гъэзгу захуэм тригъэувэжьну кьалэн щищІащ.

Алыхьталэм кьызэрыхихар икІи унафэу кьыхуищІар зыхуэдэр абы фирхьэуным и деж нигъэсыжащ. Ятіэ дыдэу Мусэ бегъымбарым пащтыхьым жриащ Хьэзрэіил и бынэм адэкІэ лей яримыхьу хуит ищІыжьну. Арщхьэкіэ а лъэІур иГъэзэщІэн пащтыхьым идакъым. Апхуэдэу щыхъум икІи адэкІэ фІы кьызэрыпэмыплъэр кьыщыгурыІуэм, Мусэ бегъымбарым журтхэр зыщІигъури, жэщым щхэуу ежьащ. Мысырыр ябгьнэу Палестинэм Іэпхъэшэу абыхэм я мурадт.

Мыгувэу фирхьэуным кьищІащ Хьэзрэіил и бынэр зэрыщІэпхъуэжар. НапІэзыпІэм и дзэр зыщІигъури, ар абыхэм якІэлъытыпхъэращ.





Мусэ и гупыр тенджыз Пльыжьым нэсауэ бийр кьыльэщыхъуэ хуэжьащ. Іуэхур зэкІыпІэншэ щыхъум бегъымбарыр Тхьэм ельэІуащ ахэр кьригъэлыну. Абы и жэуапу Алыхьым и унафэр Мусэ кьыІэрихьащ - иІыгъ башымкІэ ар псым хэуэн хуейт. Апхуэдэу щищІым, тенджызыр тІууэ зэгуэкІри, Хьэзрэіил и бынэм лъагъуэ къриташ. Мусэ и гупыр абы ирикІуащ. Журтхэм я гъэзгуанэр кьызэрызэранэкІыу, псыр зэгуэхэжащ. Абы хитхъэлыхащ кьызэрпрыкІну хунэмыса къакІэлъыпхъэрахэр.

Апхуэдэ щІыкІэкІэ Алыхьталэм Муси абы и лъэпкъри ахэр зыуКІыну хэта фирхьэуным кьыІэщІихащ. Ар кьыщцыхуэ мухьэрэм мазэм и епщІанэ махуэр муслъымэнхэм ягъэльапІэ икІи абы и щІыхькІэ журтхэр зыщІигъуриІуэм, Мусэ бегъымбарым журтхэр зыщІигъури, жэщым щхэуу ежьащ. Мысырыр ябгьнэу Палестинэм Іэпхъэшэу абыхэм я мурадт.

Мыгувэу фирхьэуным кьищІащ Хьэзрэіил и бынэр зэрыщІэпхъуэжар. НапІэзыпІэм и дзэр зыщІигъури, ар абыхэм якІэлъытыпхъэращ.

Мусэ и гупыр тенджыз Пльыжьым нэсауэ бийр кьыльэщыхъуэ хуэжьащ. Іуэхур зэкІыпІэншэ щыхъум бегъымбарыр Тхьэм ельэІуащ ахэр кьригъэлыну. Абы и жэуапу Алыхьым и унафэр Мусэ кьыІэрихьащ - иІыгъ башымкІэ ар псым хэуэн хуейт. Апхуэдэу щищІым, тенджызыр тІууэ зэгуэкІри, Хьэзрэіил и бынэм лъагъуэ къриташ. Мусэ и гупыр абы ирикІуащ. Журтхэм я гъэзгуанэр кьызэрызэранэкІыу, псыр зэгуэхэжащ. Абы хитхъэлыхащ кьызэрпрыкІну хунэмыса къакІэлъыпхъэрахэр.

Апхуэдэ щІыкІэкІэ Алыхьталэм Муси абы и лъэпкъри ахэр зыуКІыну хэта фирхьэуным кьыІэщІихащ. Ар кьыщцыхуэ мухьэрэм мазэм и епщІанэ махуэр муслъымэнхэм ягъэльапІэ икІи абы и щІыхькІэ журтхэр зыщІигъуриІуэм, Мусэ бегъымбарым журтхэр зыщІигъури, жэщым щхэуу ежьащ. Мысырыр ябгьнэу Палестинэм Іэпхъэшэу абыхэм я мурадт.

Дауи, ар яІэт Хьэзрэіил и щІэблэ журтхэми. Арщхьэкіэ, абыхэм ящхъ: дымыжьын щхьэкІэ, ди ЛІыкІуэ ЛъапІэм унафэ кьытхуищІащ зы махуэ абы и пэкІэ е иужькІэ щІыгъун хуейуэ. Аращи, журтхэр мухьэрэм мазэм и епщІанэ махуэм и закъуэ ящІыжьну, муслъымэнхэм ебгъуанэр е епщыкІуанэр абы дыщІагъу. Махуищми унэщІмэ, нэхъыфІыжщ, ауэ ар Іэмал зимыІэу щытхъым, псапэ нэщІу аращ. Алыхьым и нэфІыр зыщІыхуа Мухьэмэд бегъымбарым жиІащ: «Іэшрыі махуэм кьэбэщІам илъэс блэкІам и гуэныхьыр ергъэгъу». НэгъэщІ зы хьэдиси щыІэщ. Бегъымбар лІыкІуэ лъапІэм жиІащ: «Щэч хэмыльу, нобэ Іэшрыщ. Фэ а махуэр кьэвнэщыну фи кьалэну щытхъым. Ауэ сэ сонэщІ. Хэт хуейми нэщІ ирейІгъ».

Къызэрыхэдгъэщащи, Іэшрыіыр муслъымэн махуэрыбжэм и мухьэрэм мазэм и епщІанэ махуэм тохуэ. Мы гъэм ар ирохьэлІэ нобэ, щыщхьэуІум и 19-м. Абы кьыкІэлъыкІуэ махуитІри лъапІэщ. Бадзэуэгъуэм и 27-м кьыдэкІа «Ислъамыи и нурым» фызэрыщыщдгъэгъуэзащи, хуейхэм псапэ нэщІ ирахьэкІ щыщхьэуІум и 18 - 19-м е 19 - 20, 18 - 20 махуэхэм. Тхьэм кьабыл ищІ! ЕтІанэгъэ пІалъэ гуфІэгъуэкІэ Алыхьым дынигъэс!

ТАМБИЙ Линэ.

АдыгэлІ Иуан Пётр пхиша щІэныгъэ гъуэгур

Ди къэралыгъуэм зиужь, ефІакІуэ зэпыту зэрыщытым и щыхьэтщ республикэм и унафэщІхэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ гулъытэ хэха хуащІ зэрыхъуар. Нобэ гъащІэм и лъэныкъуэ псоми компьютерхэмрэ технологие пэрытхэмрэ нэсащ. ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием и щІэныгъэ къудамэ (КъБЩІЦ) 1993 гъэм ди щІыналъэм къызэрыщызэІуихамкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхубэм Іэмал ягъуэтащ дунейпсо зыужьныгъэм и зы Іыхьэ хъунымкІэ.

ЛІЭЩІЫГЪУЭ блэкІам и 90 гъэхэм ди къэралыр зэрыхуауэ щыта политико-экономикэ щытыкІэ хьалъэр куэдым ящІэж. А лъэхъэнэм зэтекъутащ жылагъуэр зэпІэзэрыту зыбыгъа, абы и джэлэсу щыта Іэнатіэ куэд. Ар дыдэм хуэкІуэрт щІэныгъэ, щэнхабзэ Іэхъуцапіэхэр. Зэманым къаридза удын хьэпъэм ди республикэм и щІэныгъэ Іэнатіэхэр къезыгъэла щыхуэхэм ящыщщ щІэныгъэлІ цІэрыІуэ, техникэ щІэныгъэхэм я доктор, УФ-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, РАЕН-м и академик Иуан Пётр Мацэ и къуэр. Абы и фІыгъэкІэахэр щІэуваУэ щытащ ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием и дамэм, щІыналъэ щІэныгъэ центр хъуауэ.

Ди республикэм, Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэм зэрыщыту щІэныгъэм нэхъри зыщижьыныжьмкІэ щэсыпІэ хъуащ а центрыр. Абы лъэндэрэ илъэс 30-м нэблэгъащи, ди лъэпкъ щІэныгъэр лъагапІэщІэхэм нэсащ, ди еджагъэшхэхэми унэтІыныгъэ зэхуэмыдэхэмкІэ зэфІах къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэми я лъабжьэр нэхъ куу, я купщІэр нэхъ лъэщ хъуащ. 1994 гъэм щІэныгъэ центрым кьыз эІуихащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩІыпІэхэм я экологиемкІэ и институтыр. Куэд дэмыкІыу КъБЩІЦ-м кьыз эригъэпэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Информатикэмрэ щІыналъэ управленэмкІэ институтыр. ТхыдэмкІэ, филологиемкІэ, экономикэмкІэ институтыр (иджыпстУ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтыр), апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкІэ и институтыр. Аехр академическэ Іуэхущапіэ хъуахэщ икІи КъБЩІЦ-м и къудамэ щхьэхуэхэу уваща.

Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым и нэІэм щІэт щІэныгъэ Іуэхущапіэхэм ящыщщ Ядернэ къэхутэныгъэхэмкІэ Урысей Академием ди щІыпІэм щІиІэ Бахъсэн нейтриннэ обсерваторэр. Абы и Президиумым егъэщІылІащ ГеографиемкІэ къудамэмрэ редакцэ-тхыльэ тедзапІэмрэ. А Іэнатіэм пыщІауэ мэлажьэ РАН-м и Медико-биологие институтым Медицинэ-экологие къэхутэныгъэхэмкІэ и щІыналъэ институтыр, РАН-м Астрономиемкіэ и институтым Терскол щиІэ Астрономие обсерваторэр, нэгъуэщІхэри.

Мы зэманым щІэныгъэ центрым псори зэхэту щолажьэ Іэщагъэлі 600-м щІигъу. Абыхэм яхэтщ РАН-м и член-корреспондентхэр, щІэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм я докторхэр, кандидатхэр. Абы и институтхэм щыІэ докторантурэхэм, аспирантурэхэм я щІэныгъэм щыхагъахъуэ Іэщіагъэлри 150-м щигъум. Информатикэмрэ щІыналъэ управленэмкІэ институтым экономикэ щІэныгъэмкІэ кандидат, доктор лэжьыгъэр щІипхагъэкІ сomет иІэщ. «Известия КБНЦ РАН» журналыр пІалъэ хэхам тету кьыдокІ.

РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым информатикэмкІэ, кибернетикэмкІэ, экономикэмкІэ, прикладной математикэмкІэ, биологиемкІэ, географиемкІэ, ядернэ физикэмкІэ, астрофизикэмкІэ, жылагъуэ, тхыдэ-филологие щІэныгъэхэмкІэ къэхутэныгъэшхэхэр щрагъэкІуэкІ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм щыпэу республикэм и зыужьныгъэм дыззэрыхуэкІуэну гъэзыгр ди деж щаубзыхужу хъуащ. Информатикэмрэ щІыналъэ управленэмкІэ институтым зэхилъхьащ 2030 гъэ пщІондэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зиужьыныжьмкІэ япэ игъэщІапхъэ Іуэхухэр кьыщыгъэлъэгъуэ программэ. ИригъэкІуэкІ щІэныгъэ-къэхутэныгъэхэмкІэ РАН-м и КъБЩІЦ-р япыщІащ УФ-м, хамэ къэралхэм щыІэ щІэныгъэ зэгухьэныгъэ куэдым.

Абы и щІэныгъэлІхэм я зэфІэкІ лъагэхэм я фІыгъэкІэ, центрым и пщІэр щылъагэщ Урысейм и мызакъуэу хамэ къэралхэми. Центрым кьепха институтхэм мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхуэхэр зэрызэфІахым и щыхьэтщ РАН-м жылагъуэ, гуманитар, техникэ, естественнэ щІэныгъэхэмкІэ зыІэригъэхьа екъуІэныгъэхэм абыхэм я лэжьыгъэхэри зэрыхалъытэр. Абыхэм щапхъэ яхуохъу я пашэ, ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым и кьызэгъэпэщакІэу икІи и унафэщІ Иуан Пётр и Іуэху бгъэдыхьэкІэр. ИригъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр кьалъытэри, Иуаным хуагъэфэщащ СССР-м и Министрэм я Советым и саугъэтыр, РАН-м, КъБР-м я ЩІыхь тхыльхэр. Апхуэдэу ар ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Академием (Мюнхен), ЩІэныгъэхэмкІэ Нью-Йорк академием, Естественнэ ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей академием, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием, нэгъуэщІ щІэныгъэ зэгухьэныгъэ зыбжанэми я академикщ, КъБР-м и Іэтащхьэм и деж щыІэ Жылагъуэ советым хэтщ, ЩІэныгъэмкІэ, егъэджэныгъэмкІэ, щІалэгъуалэ политикэмкІэ абы и къудамэм и унафэщІу. Иуан Пётр и цІэр иратхащ США-м кьыщыдэкІа «Дуней псом и цІыху щэджащэ 5000» тхыльым.

КъБР-м и Іэтащхьэм 2016 гъэм и мазаем и 8-м кьыдигъэкІа Указым ипкъ иткІэ, Иуан Пётр кьыхуагъэфэщащ ди республикэм и дамыгъэ нэхъ лъапІэ дыдэр - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр. Ар хэкуІым кьихьащ щІэныгъэм и зыужьныгъэм хуиуща хэлъхьэныгъэ иным кьыпэкІуэу. ЩІэныгъэлІым и кьэхутэныгъэ лэжьыгъэ куэдым я лъащІэщ бгъэдэлъ гупсысэ куур, зэхэщІыкІ лъэщыр. Иуаным и зэфІэкІым кьэрикІуахэр илъэс щІагъуэ дэмыкІыу хагъэхьэ илъэс кьэс кьыдэкІ «РАН-м и екъуІэныгъэ нэхъыщхьэхэр» журналым.

Хэку псор ипэкІэ зыгъэкІуэтэфын лэжьыгъэ купщІафІэ яхуэзфІох ди щІыналъэм и щІэныгъэлІхэм. Иуан Пётр пхиша щІэныгъэ гъуэгур хэмыгъуащэу, ар нэхъри нэхъ бгъуфІэ хъууэрэ ирикІуэ псоми зыщагъэщІыну ди гуапэщ. Гъунэ зимыІэ а фІыгъуэр - щІэныгъэр - Къэбэрдей-Балъкъэрым зэпІэзэрыту зиужьыным, абы и къэралыгъуэр нэхъри гъэбыдэным, и цІыхухэм я екъуІэныгъэм нэсу хурелажьэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Уэм зэрыпэщІэтыну Іэмал

Зы илъэси кьанэркъым республикэм ис мэкъумэшыщІэхэм уэм и зэранышхуэ кьемыкІыу. Абы зэрыпэщІэтын хэкІыпІэ иджыкІэ къэзыгъуэтыфыр мащІэщ.

СОВЕТ лъэхъэнэм щыналъэ хэкъ щылажьэрт жащ - махуэ ямыІэу пльыр топ гъауэ гуп зэщІэуэзэдахэр. Зэманым зихъуэжащ - щхьэж кьигъэхьэрычэтыфыр и Іыхьэщ. Мэкъумэш Іуэхущапіэхэмрэ бдджэндырылажьэхэмрэ емытІысхьу гъэ псом зэлэжьар зы напІэзэпІэм уэм иреуГъэпсыкІ - ирехъу ар гъавэ, хадзэкІ е пхъащхьэмыщхьэ.

Бдджэндырылажьэм нартыху ищІамэ, уэм ихьам и пІкІэ пасэу зызыужь гибрид жылэкІэ и хэщыныгъэр ягъэзэкІуэжьынкІэ мэхъу, армырамэ, хэкІыпІэр кьэгъуэтыгъуэфІэкъым.

Кьыщпэк иджыблагъэ щагъэуваща уэм зэрыхэуэ Іэмэпсымэ. Кьужьа администрацэм и къарукІэ ар здэщыт щІыпІэр, зыри зэран хуэмыхьуэ зэрудэу, гъущІ кІапсэ банэкІэ кьахухьри кузбжэ халъхьажащ, топышэхэм я хъуапІэ яухуащ, Іэщіагъэлі хэр зыщІэсыну пэш ягъэуващ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Иджыблагъэ кІэщІу фыхэдгъэгъуэзащ унагъуэм, лъагъунытым, зэхуэпэжьныгъэм и махуэм ирихьэлІэу ирагъэжьа «Унагъуэ» Іуэхум. Ар къыхэзыльхьа хьэрычэтыщІэ, псапащІэ, IVS Іуэхущапіэм и унафэщІ Нэхущ Азэмэтрэ проектым и программэхэм я унафэщІ, Инстаграмым щылажьэ Налшык напэкІуэцІым и редактор, инджылызыбзэр, уэсэр фІыуэ зылъагъуэхэм я клубхэр къызэзыгъэпэща Мэзэкъэбэ Аслъэнрэ унагъуэм и лъапІэныгъэхэр къэгъэщІэрэщІэжьым теухуауэ яІэ мурадхэм тедгъэпсэлъыхьащ.

- Азэмэт, «Унагъуэ» Іуэхур къыщІыхьэзгъэпэщам, фи къалэнхэмрэ мурадхэмрэ я гугъу къыгъуэщІыт.

- Психолог Апажэ Валерэрэ сэрэ нэІуасэ, псэлъэгъу дызэхуэхъуа нэужь, унагъуэм къыщыхъу-къыщыщІэхэм, сабий гъэсэныгъэм теухуауэ щыІэ Іуэху зэІумыбзхэм я гугъу тщІащ. Унагъуэхэм сабийр зэрыщагъасэм дихэІэбэну ди пщэ дэтлъхьэжьыркъым, ди мурадыр зы мащІэ нэхъ мыхъуми зедгъэхъуэжьныращ иджыкІэ щыІэ хъуа щытыкІэм. КІуэ пэтми гъащІэм и лъапІэныгъэхэм, жьымрэ щІэмрэ я зэхущытыкІэхэм, хабзэм, нэмысым зэрахэщІым гу лъыботэ. ХэдмыгъэтІасэу дызэкъуэузвэрэ мы Іуэхум хэлъхьэныгъэ хуэтщІмэ, зэхъуэкІыныгъэфІ зэрыщыІэнум шэч хэлъхьам. Ауэ, иджырей щытыкІэм дыкъытемыкІыу дыкІуэмэ, илъэсипщІ дэкІмэ, щІалэгъуалэр тІэщІэкІынущ.

Мылъку хэхьпІэ, ахъшэ кьэлэжьыкІэ мыхъуу, мыр жылагъуэ Іуэхущ. Унагъуэм теууауэ щыІэ хъуа гупсысэкІэ, еплъыкІэ мышум, щытыкІэм зедгъэхъуэжьну дыхуейщ. Адэ-анэм я жьыІэм ущІэтныр зэрыпэжьыр, зэрызахуэр щІэблэм зыхедгъэщІэныр, фІымрэ Іеймрэ, мыхъумыщІагъэмрэ дахагъэмрэ зэхагъэкІыфу кьэхъуным щІэпІыкІныныр ди кьалэнхэмрэ мурадхэмрэ зыхуэунэтІар. Нэхъ пасэм унагъуэм иІа пщІэр, илъа зэхущытыкІэ дахэхэр, щызэкІуэу щыта хабзэхэр кьэдгъэщІэрэщІажьныр нэхъыщхьэу зи ужь дитыр. Дуней псор зыгъэгъазвэ а Іуэху зэІумыбзым и щытыкІэм нэхъыфІкІэ зытхуэгъэхъуэжьнущ абы игъэгъазвэ дэтхэнэри дызэкъуэузвэрэ ди еплъыкІэхэр утыку кьитхьэмэ. Ди кьалэн нэхъыщхьэр зэхуэпэжьныгъэр, лъагъунытэгъэр, дзыхьэр зи лъабжьэ унагъуэ дахэхэм я бжыгъэм хэдгъэхъуэнырщ, адэ-анэхэмрэ я бынхэмрэ я зэхущытыкІэхэр нэхъри дгъэбыдэныращ, едгъэфІэкІуэныращ. Абы екъэІа программэхэр диІэщ. Адэ-анэр зыхуэныкъуэ чэнджэщхэр зи лъабжьэ лекцэ, семинар щхьэпэхэр кьызэдгъэпэщынущ.

- Унагъуэм екъэІа Іуэху зэІумыбзым игъэпІейтейхэр зэрымымащІэр, абы зи псалъэ хэзылъхьэну хуейхэр зэрыщыІэр, дауи, фІыщ.

- Жылагъуэм и лъапІэныгъэ нэхъыщхьэр ди тегъэщІапІэу утыку дыкъызэрихьарагъэнщ, кьызхэтпІхьа Іуэхур куэдым кьыщыддалІгъар. ГугъэфІэхр дегъэщІ икІи гуапэщ унагъуэм и нобэрей Іуэху зэІумыбзхэм зэкІэпІэ кьахуэгъэуэтын хуейуэ кьэзыльыбэ Іэщіагъэлі зыбжанэ кьыззэрыткъуэувар. Апхуэдэхэщ республикэм фІыуэ кьыщацІыху психолог Іэзэ Апажэ Валерэ, «Унагъуэ» проектым и программэмэхэм я унафэщІ Мэзэкъэбэ Аслъэн, «ТРИЗ Центр» Іуэхущапіэм и унафэщІ Махуэ Нурхьэни-Милана, Инстаграмым щиІэ «Унагъуэ» проектым и редактор Апэжьых Альбинэ сымэ, нэгъуэщІхэри. Гупым хэтыр щІэныгъэ зыбгъэдэлъ зещІэщ. КьыщынэмыщІауэ, зызыхуэдгъазэ цІыхуу хъуар ди лъэныкъуэщ. ЗэрыштІэщи, зи Іэщіагъэм хуэІэижь, щытхъу зиІэ Іэщіагъэлхэр сыт щыгъуи мащІэщ. Сабий гъэсэныгъэм екъэІауэ дэтхэнэ зы унагъуэ щапхъэри ди нэ-ди псэщ.

- Аслъэн, Іуэхум екъэлІауэ зыхуэвгъэувыжа кьалэнхэмрэ мурадхэмрэ зэвгъэхъулІэн папщІэ сыт фщІэр?

- Унагъуэм, дахагъэм, кьабзагъэм, лъагъуныгъэм, узынщагъэм, щІэныгъэм, щэнхабзэм, гъэсэныгъэм гу лъедгъэтэн папщІэ, абыхэм екъэІа программэ зыбжанэ дгъэхьэзыращ. Республикэм и зыгъэпсэхупІэ, нэгъуэщыкІэ паркэм сурэтхэр щызэтрагъэх щІыпІэхэр, хьыринхэр щыдогъэув. Сабийр трагъэу кьудей мыхьуу, абыхэм я кьалэныр куэдкІэ нэхъ инщ. ГъащІэм, унагъуэм и лъапІэныгъэхэм кьыхуезыджэ псалъэхэр тхуэя я нэгу щІэтыныщІ, хуей-хуэмэйми, сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ ягу ираубыдэ, сурэтхэм еплъыжьу а лъапІэныгъэхэм кьыхураджэу, гу лърагъатэу. МыхъумыщІагъэхэм я гугъу тщІынукъым, арыншэми ахэр гъащІэм щымащІэкъэыми.

Зи акъылыр нэсу зэтемыува ныбжьыщІэхэм я акъылыр Интернетым «зэригъэтхъэр», я дуней тетыкІэм зэран зэрыхуэхъур нобэ ди нэгу щІокІ. Адэ-анэхэр мэлажьэ, унагъуэр зэрагъэпсэныр япэ ирагъэщІу. Армырми, нэхъыжьхэр зы Іуэху гуэр щыпэрыкІэ, сабийм телефоныр Іэщіалъхьэу щызыщІэхьэжанэ кьыззэрыткъуэувар. Апхуэдэхэщ республикэм фІыуэ кьыщацІыху психолог Іэзэ Апажэ Валерэ, «Унагъуэ» проектым и программэмэхэм я унафэщІ Мэзэкъэбэ Аслъэн, «ТРИЗ Центр» Іуэхущапіэм и унафэщІ Махуэ Нурхьэни-Милана, Инстаграмым щиІэ «Унагъуэ» проектым и редактор Апэжьых Альбинэ сымэ, нэгъуэщІхэри. Гупым хэтыр щІэныгъэ зыбгъэдэлъ зещІэщ. КьыщынэмыщІауэ, зызыхуэдгъазэ цІыхуу хъуар ди лъэныкъуэщ. ЗэрыштІэщи, зи Іэщіагъэм хуэІэижь, щытхъу зиІэ Іэщіагъэлхэр сыт щыгъуи мащІэщ. Сабий гъэсэныгъэм екъэІауэ дэтхэнэ зы унагъуэ щапхъэри ди нэ-ди псэщ.

- Аслъэн, Іуэхум екъэлІауэ зыхуэвгъэувыжа кьалэнхэмрэ мурадхэмрэ зэвгъэхъулІэн папщІэ сыт фщІэр?

- Унагъуэм, дахагъэм, кьабзагъэм, лъагъуныгъэм, узынщагъэм, щІэныгъэм, щэнхабзэм, гъэсэныгъэм гу лъедгъэтэн папщІэ, абыхэм екъэІа программэ зыбжанэ дгъэхьэзыращ. Республикэм и зыгъэпсэхупІэ, нэгъуэщыкІэ паркэм сурэтхэр щызэтрагъэх щІыпІэхэр, хьыринхэр щыдогъэув. Сабийр трагъэу кьудей мыхьуу, абыхэм я кьалэныр куэдкІэ нэхъ инщ. ГъащІэм, унагъуэм и лъапІэныгъэхэм кьыхуезыджэ псалъэхэр тхуэя я нэгу щІэтыныщІ, хуей-хуэмэйми, сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ ягу ираубыдэ, сурэтхэм еплъыжьу а лъапІэныгъэхэм кьыхураджэу, гу лърагъатэу. МыхъумыщІагъэхэм я гугъу тщІынукъым, арыншэми ахэр гъащІэм щымащІэкъэыми.

Зи акъылыр нэсу зэтемыува ныбжьыщІэхэм я акъылыр Интернетым «зэригъэтхъэр», я дуней тетыкІэм зэран зэрыхуэхъур нобэ ди нэгу щІокІ. Адэ-анэхэр мэлажьэ, унагъуэр зэрагъэпсэныр япэ ирагъэщІу. Армырми, нэхъыжьхэр зы Іуэху гуэр щыпэрыкІэ, сабийм телефоныр Іэщіалъхьэу щызыщІэхьэжанэ кьуэдрэ къохъу, махуэ кьэс быным гулъытэ хуэщІын, епсэлъэн зэрыуейр Іэпэдэгъэлэл ящІу. Апхуэдэурэ цІыкІухэр Интернетым дехьэхьапэри, ар зэран яхуохъу адэ-анэмрэ бынымрэ я зэпыщІэныгъэм, сыту жьыІэмэ сабийм хуэщІыпхъэ гулъытэ хэхар и чэзум игъэтыркъым. КьищынэмыщІауэ, щІэблэм зэманым и лкІыхьжу кьалъытэ хьащ зыми щымыщ, зыкІи гугъу зезмыгъэхь щІыхьэр. Инстаграмым дытемыкІуэми, ар кьэдгъэсэбэпу щІалэгъуалэм я гупсысэм фІы и лъэныкъуэкІэ зедгъэхъуэжьну, ИнтернетымкІэ ди лэжьыгъэхэр зэбгрыдгъэкІыну ди мурадщ. Абы и лъэныкъуэкІэ Іэмалыфщ ди напэкІуэцІыр щыдгъэлажьэ Инстаграмыр, нэхъыбэу хъыбархэр щызыІэпах социальнэ сайтхэр. КІэщІу жьыІэмэ, щІалэгъуалэ псори кьызэщІэдубыдэн папщІэ, Интернет сайт лІэужьыгъуэхэр кьэдгъэсэбэпынущ. Зэззымызэ мыхъуу, Іуэху зэІумыбзыр зэрыдгъэзэкІуэжьным махуэ кьэс дыкъыптеувыІэмэ, абы зэхъуэкІыныгъэр тхуэхъьэнущ. ЗэрыштІэщи, иджыпсту тхьылъ еджэхэр мащІэщ, жьыІ телефоным еплъмэ нэхъ кьаштэ. Аращ видеонэтынхэр кьэдгъэсэбэпурэ Іуэху зэІумыбзхэр зэпкърытхыным дыкъышцІытеувыІар.

ЯбэщІыкІэ семинархэр едгъэкІуэкІынущ. Дохутыр, нарколог, психолог жьыІэми, щІэныгъэ зиІэ ІэщіагъэлІхэр кьедгъэблэгъэнущ. Іуэху зэІумыбз зэрылъ унагъуэхэм чэнджэщ кьудейкІэ мыхъуу, пщІэншэу ІэщіагъэлІхэм хуэдгъэзэфыбнущ. Семинархэм щыстрахыну видеонэтынхэри Интернеткіэ зэбгрыдгъэкІынущ. Апхуэдэу ди мурадщ унагъуэм и псори дзэныхьэныу икІи зэкъуэзыгъэувэну зэпеуэ гъэщІэгъуэнхэр, щІыпІэ дахэхэм зыщІыпІыхьыныр кьыззэдгъэпэщынущ.

- Унагъуэм екъэлІауэ сыт хуэдэ Іуэху ябэ ивгъэщыну фи мурадыр?

- Дауи, куэд и уасэщ узыгъэпІейтей Іуэхум и зэманым гу лъатэнщ. Ар щыхагъэтІасэкІэ, хэкІыпІэхэр кьэзбгъуэтыну, бгъэзэкІуэжьну куэдкІэ нэхъ гугъу мэхъу. Ябэ идгъэщынухэм ящыщщ адэ-анэхэмрэ я бынхэмрэ я зэпыщІэныгъэр дгъэбыдэныр. Мы зэманым ар тІасхъэщ. Сабийм зэрыджэгу кьэпшып, смартфон, планшет, компьютер кьыхуэпщэхурэ и зэманым гулъытэ хуумыщІмэ, уемыпсалъэмэ, а зыхуэчэмам иужькІэ зыкъуигъэщІэжьнущ. Аращ абыхэм и чэзум гу лъедгъэтэну дыщІыхьэйр.

Адэ-анэм емыпсэлъэф, зыгъэпІейтейхэр зыущэху сабий куэд щыІэщ. Абыи хэкІыпІэ кьыхуэдгъуэтащ. Зы сабий гуп зыгъэгъазвэ упщІэхэмкІэ адэ-анэ псоми зыхуедгъэзэзэну ди мурадщ. Ар упщІэ-жэуап щыкІэм тету кьыздгъэпэщынущ икІи сабий псоми яхуэгъэзащэ адэ-анэхэм кьатыжьну жэуап нэхъыфІхэри кьэдгъэлъэгъуэнущ.

Ди гуапэ зэрыхъущи, щапхъэ зытетхыпхъэ цІыхуэхэр ди мащІэкъым. УнагъуэфІхэр дгъэлъэгъуэну, илъэс куэд хуаущ зэбгъэдэс зэщхьэгъэхэм я чэнджэщхэр щІэблэм зэхедгъэхыну ди мурадщ.

Дызыпэрыт Іуэхур зэманым зэрыпэджэжьм гу лъатащ. Аращ абы цІыху куэд щызэщІишэм и щхьэусыгъуэри. Лэжьыгъэм адэкІи зедгъэубгъунущ. КъБР-м и Іэтащхьэ ди Іуэхум щыгъуаззэщ, республикэм и Профсоюз Іуэхущапіэмрэ Жылагъуэ палатэмрэ кьыддэІэпыкъуну дыкъагъэгугъащ. ЩІыпІэм и хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэми дадзлжьэнущ. Псоми ди зэхуэдэ Іуэхум апхуэдэу дызэкъуэту яужь дитмэ, шэч хэлъхьэм дызыгъэгузавэ псоми зэкІэпІэ кьаззэрыхуэдгъуэтыфынум.

Епсэльар

ТЕКІУЖЬ Заретэщ.

Жылагъуэр зыхуэдэнур унагъуэращ къыщежьэр

Гъавэр Іуахыж

Бахъсэн щІыналъэм щыІэ «Заря», Щоджэнцыкіум и цІэр зезыхьэ мэкъумэш Іуэхущапіэхэм мы гъэм нэхъыбэу хасар бжыхьэсэ гъавэщ: гуэдзыр гектар 1667-м, хьэпцІийр гектар 600-м нос.

«ДЖЭДЫКЪУЭ», «Кьыщпэк» щыпІэхэм, Дыгулыбгъуейм щыІэ гъавэ щІапІэхэм псоми зэгъуэгу бжьыхьэсэ гуэдзрэ гъатхасэ хьэпцІийуэ гектар 500-м нэблагъэ хасат. Гъавэр кІэрыхуншэу Іуахыж, зы гектарым хуэзэу центнер 40 - 42-рэ кьытрах. Ар нэгъабэ елъытауэ проценти 143-кІэ нэхъыбэщ.

И чэзум зыщІадза хэгъуэм пэрытщ комбайну 11. Іуэхущапіэхэр зыхуеину мэкъумэш техникэхэмкІэ нэсу кьызэрызэгъэпэщам и фІыгъэкІэ Іуэхур пІалъэм фІэмыкІыу зэфІах. Гъавэр кьызытраха щІыр занщІэу явэ, хьэуазэр губгъуэм щаІыкъри ираш. Гъэ кьаІуэм зкьызгъэпсэхун хуейуэ кьалъыта щІы Іыхьэхэм нэмыщІ, адрейхэр иджыпсту щыщІэдзауэ бжьыхьэсэм хуагъэхьэзырынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Кэлъыплъыныгъэхэр нэхъри ягъэткІий

Урысейм и Прокуратурэ Нэхъыщхьэм КИФЩІ-мрэ Ипщэ федеральнэ округымрэ щиІэ Управленэ нэхъыщхьэм и прокурор Усачёвэ Еленэ къызэритамкІэ, Урысей Федерацэм и прокурор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Кикоть Андрей и унафэм щІэту Мэхъэчкъалэ щекІуэкІащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и хабзэхъумэ, кІэлъыплъакІуэ Іэнатіэхэм я унафэщІхэм я зэІущІэ.

АБЫ щытепсэлъыхьащ лъэпкъ проектхэр пхыгъэкІыным ехьэлІауэ щІыналъэ бюджетхэм щыхухаха ахъшэхэр зэхадзыгъэным пэщІэтыным, гъэсныпхъэ-энергетикэ Іэнатіэм щІэпхъаджагъэ кьыщымыгъэхъуным.

Зэхуэсыр зыгъуэуа Іуэху нэхъыщхьэхэр зэпкърихьу кьэпсэлъащ Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ округым щыІэм я унафэщІхэр, Урысейм и МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу КИФЩІ-м щыІэм и Іэтащхьэ Бачурин Сергей, Урысей Федерацэм и субъектхэм я прокурорхэр, щІыналъэ МВД-хэм я лІыкІуэхэр, нэгъуэщІхэри.

Лъэпкъ проектхэр гъэззэщІэным кьэралым и зыужьныгъэмкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр зэпыщІэр щыщІэзыІуихым Кикоть Андрей кьыхуегъэщащ. Абыхэм ехьэлІа лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІым я нэІэ тетыныр прокуратурэм и органэхэм дежкІэ япэ игъэщІапхъэ кьалэнхэм ящыщщ.

Илъэс кІуам и пэщІэдзэм щегъэжьауэ лъэпкъ проектхэм ятеуухуа щІэныгъэныгъэ мин 1,5-м щІигъу кьызэрагъэпэщащ. Абыхэм кьыщІакъэщащ хабзэр мини 5-м щІигъу кьызэпаудауэ, икІи уголовнэ Іуэху 245-рэ кьаІэтащ.

Урысейм и Прокурор Нэхъыщхьэм и къуэдзэм апхуэдэуи кьыхигъэщащ хабзэхъумэ органхэм лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкІуэкІар гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексым щІэзхащІыкІ хьэгъэщагъэхэр хэІущІыІу щІыным теухуауэ. Экономикэм екъэлІауэ Урысейм щатха щІэпхъаджагъэхэм я Іыхьэ етхуанэр (1379-м щыщу 270-р) кьыщыщІагъэщар а щІыналъэхэращ. Энергокомпаниехэм я унафэщІхэмрэ лэжьакІуэхэмрэ ящыщ куэдым хабзэм ебзэкъуауэ ирагъэкІуэкІ Іуэхугъуэхэр зэзэпаудащ.

Апхуэдэ зэІущІэм щытепсэлъыхьащ, зэфІэмыкъэныгъэхэр къэзышэ лъэпощхьэпо зыбжанэм. Абыхэм ящыщщ ТЭК-м и Іуэхущапіэхэр зэрылэжьэнкІэ кьыззэзыгъэпэщ предприятэхэм щІыхуэшхуэ зэрательр.

КьищынэмыщІауэ, зэІущІэм кьрихьэлІахэм гулъытэншэу кьагъэнакъым псэупІэ, коммуналнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэхэмрэ тарифхэмрэ зэтеухуэныкІэ щыІэ гугъуехьхэр, гъэтІылъыгъэхэр щхьэжьфІэфІу кьыщагъэгъэсэбэп кьыззэрыхьур. Хэхаух кьыхагъэщащ а унэтІыныгъэхэм екъэлІауэ хабзэхъумэ, къэпщытакІуэ-кІэлъыплъакІуэ Іэнатіэхэм я кьалэнхэр зэфІэмыгъэззэщІэн, прокурор кІэлъыплъыныгъэр зэщІагъэуІуэн зэрыхуейр.

УАРДЭ Жантинэ.

Уэм зэрыпэщІэтыну Іэмал

Зы илъэси кьанэркъым республикэм ис мэкъумэшыщІэхэм уэм и зэранышхуэ кьемыкІыу. Абы зэрыпэщІэтын хэкІыпІэ иджыкІэ къэзыгъуэтыфыр мащІэщ.

СОВЕТ лъэхъэнэм щыналъэ хэкъ щылажьэрт жащ - махуэ ямыІэу пльыр топ гъауэ гуп зэщІэуэзэдахэр. Зэманым зихъуэжащ - щхьэж кьигъэхьэрычэтыфыр и Іыхьэщ. Мэкъумэш Іуэхущапіэхэмрэ бдджэндырылажьэхэмрэ емытІысхьу гъэ псом зэлэжьар зы напІэзэпІэм уэм иреуГъэпсыкІ - ирехъу ар гъавэ, хадзэкІ е пхъащхьэмыщхьэ.

Бдджэндырылажьэм нартыху ищІамэ, уэм ихьам и пІкІэ пасэу зызыужь гибрид жылэкІэ и хэщыныгъэр ягъэзэкІуэжьынкІэ мэхъу, армырамэ, хэкІыпІэр кьэгъуэтыгъуэфІэкъым.

Кьыщпэк иджыблагъэ щагъэуваща уэм зэрыхуэу Іэмэпсымэ. Кьужьа администрацэм и къарукІэ ар здэщыт щІыпІэр, зыри зэран хуэмыхьуэ зэрудэу, гъущІ кІапсэ банэкІэ кьахухьри кузбжэ халъхьажащ, топышэхэм я хъуапІэ яухуащ, Іэщіагъэлі хэр зыщІэсыну пэш ягъэуващ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Налшык щыхьэщIэнущ «Кавказым и симфониер»

Кавказ Ищхъэрэм фокIадэм концертышхуэ щитынущ Ленинград щIыналъэм и къэрал симфоние оркестрым, Санкт- Петербург къалэм щыщ маэстрэ Голиков Михаил зи унафэщIым. Зэраубзыхуам тету, фокIадэм и 28-м ар Налшык къэкIуэнущ.

ОРКЕСТРЫР цIэрыIуэ ирихъуащ и дэтхэнэ концертри щэхабзэ зэхьыхэ гуапэ, гукъынэж зэрыхъумкIэ. Абы хэтщ музыкант Iэзэхэр, урысейпсо, дунейпсо зэпеуэхэм я лауреатхэр. Къыжьыдэхъащ, Ленинград и Симфоние оркестрыр Урысейм и гуп нэхъ щIалэхэм зэращыщыр. Абы иIэщ дунейпсо симфоние музыкэм и жанр, унэтIныгъэ псоми щыщ лэжьыгъэ гурыхьхэр. Гупым и дэтхэнэ программэми - классикэ оперэм щыщIэдзауэ рок-хит кроссоверэм нэсу - оркестрым и артистхэр хуэIэкIуэлъакIуэщ.

Музыкантхэм Налшык щатыну программэм хагъэхьэнущ адыгэхэм я академическэ музыкэ щэнхабзэм и нэхъыфIхэр, кинофильмхэм хуатха макъамэхэр, рок-щэнхабзэмрэ классикэмрэ щызэхэхуэна, щIэупщIэ зиIэ кроссоверхэр.

Концертым и яп Iыхьэм утыку къыщрахьэнущ «Черкесский альбом» симфониер. Абы хагъэхьащ макъамэ щэнхабзэм и нэхъыфIхэр. Концертым щагъэIунущ Москолов Александр, Раузов Сергей, ХьэIупэ Джэбрэил, Къэбэрдокъуэ Мурат сымэ я IэдакъэщтэкIхэр.

Голиков Михаил зэрыжиIэмкIэ, адыгэ макъамэм дихьэхащ «Симфония Кавказа» щэнхабзэ проект иным хэта ноужь. Аращ дунейпсо щэнхабзэм и гъунапкъэщIэхэр кьыззIухьыным хузэгъэпса, адыгэ макъамэр зи лъабжьэ проектым пищэным маэстрэр тезыгъэгушхуари.

ЕтIуанэ Iыхьэм щагъэзэщIэнущ совет, голливуд фильмхэм щIэлъ музыкэ зэхъыфIхэр, академическэ концерт залхэм куэдрэ щымыIу макъамэхэр - кроссоверхэмрэ рок-хитхэмрэ. Иупсалъ ипэкIэ Голиков Михаил кьыхилъхьауэ и оркестрым и гъусэу ирегъэкIуэкI «Дым над водой» зэхьыхэр. Лениншрд областым и фестивалыр мыгъэрей бжьыхьэм Кавказ Ищхъэрэмии щекIуэкIынущ.

Пшыхьым ирагъэблагъэнущ «Голос» зэпеуэм и еянэ лъэхъэнэм щытекIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Бэрбэч Аскэр, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и артистхэр, Санкт-Петербург къалэм сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я къэрал филармонием и уэрэджэсIакIуэ Чаныб Нэфсэт, КъБР-м и цIыхубэ артист, композитор, пианист, Урысейм и композиторхэм я «Партитура» зэпеуэм и «Киномузыка» унэтIныгъэм щытекIуэ Сокуров Александр, Битокъу Владимир, нэгъуэщIхэми я фильмхэм щIалъхьа макъамэхэр яхуэзытха Къэбэрдокъуэ Мурат.

Ленинград областым и къэрал симфоние оркестрым пещэ «Таврический» симфоние оркестрым и щэнхабзэ, творческэ щапхъэ дахэхэм. Оркестрым и къалэн нэхъыщхьэр урыс, дунейпсо макъамэ хъуГуэфIыгъуэхэм цIыхубэр хэгъэгъэзэжырщ, классикэ лажьыгъэзэщ фIыуэ егъэлъагъуныр щ.

Симфоние, классикэ макъамэхэм, къыдэкIуэу гупым и репертуарым хэтщ балетхэм, оперэхэм, опереттэхэм хуатахэри. Зэрылажьэ илъэс 12-м кьриубыдэу оркестрыр къэрал куэдым, континент псоми щыIащ, урысейпсо, дунейпсо фестивалхэм хэтащ, Мариинскэ, Театр Инхэм я къэфакIуэхэм, оперэ, эстрадэ артист цIэрыIуэхэм я гъусэу зыкъагъэпэгъуащ, уэзщIыныгъэ проектхэр ягъэзэщIащ. Гъэ къэс оркестрым концерти 150-м щIигъу ет. Гупым зыкъыщегъэпэгъуэ Урысейм, Китайм, Германием, Лихтенштейм, Италием, Испаниием, Франджым, Австриеми, Нидерландэм, Данием, Швециеми, Финляндиеми.

Оркестрыр артист цIэрыIуэхэм ядэлэжьащ. Апхуэдэхэщ Легран Мишель, Мартон Эдвин, Мондельчи Федерикэ, Образцовэ Еленэ, Сокталевэ Зураб, Богачёвэ Игорь, Бутман Игорь, Осетинская Полинэ, Мечетинэ Екатеринэ, нэгъуэщIхэри.

Ленинград областым и къэрал симфоние оркестрым и художественнэ унафэщI икIи дирижёр нэхъыщхьэ, Санкт-Петербург и къэрал консерваториеми и доцент Голиков Михаил 2013 гъэм хуагъэфэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ артист» цIэ лъапIэр. «Симфония Кавказа» щэнхабзэ проект иным папщIэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Насып вагъуэ

(Сабийхэм папщIэ: нахуапIэри пщIыхьэпIэри зэхэуухуэнауэ)

***Си къуэрылъхум ипхъу цIыкIу Амал дунейм къыщыхъуахьам икъукIэ абы щыгуфIыкIа сабийхэм ятеуха мы сатырхэр сыкъеIэт тыгъэ яхуэсщIыну Хьэтlохьущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ, лъэпкъыр бэкIэ щыщыгуфI Адыгэбзэ Хасэм и къызэгъэпэщакIуэхэу, уэзщIакIуэхэу Табыщ Мурат, Хьэцlыкlу Рае, Къыл Гупсэ сымэ. Абыхэм я псэ къабзэм и къарури, я щIэныгъэ хуэри, я зэфIэкIхэри зыхъэгъэпсар ди лъэпкъым и быным зеинщафэ къытезыгъэуэнкIэ хъуну Iуэхугуэ гъэри зэи къэмыгъэхъунырщ, ди цIэблэм и лъым, и пкъынэ-лъынэмхэту къыдалъхуа анэдэлъхубзэр Іурылъ къудей мыхъуу, абы бгъэдэлъ хъуГуэфIыгъуэхэр зыхищIэу, жьаблэмэ тхьбзэми къыщигъэсэбэлыфу Iэмал имыIэу зригъэхъулIэн зэрыхуейр и къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр лъэпкъым и цIыхум къыгурагъэIуэнырщ.

КъехъулIам игъэгуфIэу, абы игъэгушхуэу, а зыгъэгушхуэм нэхъ гугъуу къыщыхъуам тригъэгушхуэжырэ зеужь цIыхумрэ абы и анэдэлъхубзэмрэ яку дэлъ зэхущытыкIэм. Хамэбзэри нэхъ тынш мэхъу къэбгъэIурыщIэну, абы щыдихьэхри мащIэхъум. Ауэ анэм и Iэпэр иIыгъыу яп дыдэу дунейм къытехьэ сабийм зыихри, ильагъури, зыхищIэри и псэмрэ и зыхэщIыкIымрэ щыгъэсыр и анэбзэр Іурылъу, ар и гъэуэгъэльагъуэу яп лъэбакъуэхэр щичырщ.

Мыбдеж, гурыщ жьIэу, сабийм и бзэр къыIурыпрэ хамэбзэкIэ зэпхъэкIмэ, ар къэзыльхъуахэми, къыдалъхуахэми, и лъэпкъэгъуэхми, адыгэбзэми зэрыхущытын хуейуэ къыщыхъунур сыт хуэдэ къуэрылъм пхуигъэзэгъэну? Езыми сыт хуэдэфэ къытеуэну? Егупсысипхъэщ. Сыту пIэрэт щIыжиIар ди лъэпкъ усакIуэшхэм: «Адыгэбзэр зэ сымыщIэу урысыбзэр сщIэн слъэкIакъым»?

1

Щымщ дунейр. Махуэшхуэм и кIэщ.
Джэдкъаз, Iэщхэр зэгъэжащ.
Ди хьэ МотIи зигъэнщIыхукIэ
Джэгури и гъуэм ипщхьэжащ.
Мэпырхъыж. Зимыгъэхъей,
Езэшащи джэгуфIр.
Цыхухэр, гъуэлъыжьыгуэ хъуами,
ПIэм екIуэну зи хуэмей:
ЯIащ зымыгъэжеину
Щхьэусыгъуэ дахэкIей.
Дамир къекIуэкI псалъэмакъым
Щыщ зи кIапэ зэхихам
И жей Iэфыр дэнэ щыIэм
ИмыщIэжу щхьэщихащ.
ГуфIэщауэ дольей - допкIей,
ПкIэльей задэмкIэ дожей,
Щхьэгъубжэшхуэр зэIуидзауэ
Вагъуэхэм яхудоплъей.
(И анэм ещхьщ: абыи фIэфIщ,
Вагъуэ бынхэм кIэлъыплъын,
Ахэм теуэршэрыхьын).
Жэщ дахащэщ. Гъатхэ мазэщ.
Уафэр къабзэщ, вагъуэр изщ.
Зи тетыгъуэу къэса мазэр
Зигъэзыжу тахьтэм исщ.
Уарэ! Сыт Дамир илъагъур?
Е къыфIэщIрэ? Е ар пщIыхь?
Мазэм и пэгъунэгъу дыдэу,
Дыщэ кIэнэу пщIыхь дуней.
Вагъуэ шыр къыщыунэхуащ,
Пшэ гуэрэнри трихуащ.
«УхокIыж, Дыщэнэ, ей!
Къажэ псынщIэу! Умыжей!»
НапIэзыпIэм къыщолъэтри,
Шыпхъур нос и дэлъхум дей.
Ар зыдэплъэмкIэ допльей...
Тобэ! Сыту тельыджащэ
А цIыкIуитIым къальэгъуар!
Мазэм игу къыззэфIэнащи,
ГуфIэ нэпсэр щIельэщIыкI,
Вагъуэ шыр зришэлIащи,
IэплIэ гуапи кърешэкI.
Зигъэщхьауэ къыщIащIэр -
Тхьэшхуэрщ зыщIэр къиIущэщыр.

2

А дакъикъэм ди пэш псоми
Телефонхэр щызэуащ.
КъикI макъамэхэр зырызми,
Псоми жаIэр мы зыраз:
«Къытехьащ дунейм узыншэу
Пщащэ цIыкIу фызыпэплъар.
Дывохъуэхъу! Псэ быдэ фхухъу!
Лъэпкъым набдзэ ар хурехъу!»
ЩыIэу пIэрэ нэхъ гуфIэгъуэ
Цыху унагъуэм къыпсохъуэн?!
ФщIэрэ щыIэу мы зыраз! ФIыгъуэ
Нэхъ насыпкIэ здэжэ хъун?!
ХъыбарыщIэр занщIэу йожьэ -
Жьыр щIэмыхьэу дэни нос.
Хъуэхъуэмэи зрамыгъажьэ -
Псом нэхъ лъапIэр япэу кьос:
«КъиугъащIэ гъащIэ дахэ
УГъурлы хъуи ди шыр цIыкIум!
Дуней дахэм дэщIращIэу,
Куэдрэ тхурепсэу я цIыкIур!
КIыхь ирехъу ди гуфIэгъуэшхуэр,
ЦIыхуфI куэдхэр игъэгушхуэу!»
Хъуэхъуу хэти и гум илъыр
И бзэгупэм къыполъэлъыр.
ФымыпIащIэм, фыкъыдащIэу.
Фи зэпэкIэхэри къэвгъэнаIуэм,
Къыщцыхъунущ икъукIэ гуапэ:
- «Кърехъу а ди пщащэ цIыкIур
Тхуэузыншэу, цIыхуфI цIыкIуу;
И псэр къабзэрэ, и бзэр дахэу;
И анэбзэри Іурылърэ,
Іэзэу псалъэу, тхэуэ, еджэу;
Зы тхылъыфIи блимыгъэкIыу;
Зэджэу хъуари къемэщIэкIыу;
Мыщхьэхъинэу, мыжкейнэду;
Бзэрэ дэуэ, ид мытIэпIу;
ІэпэIэсэщ хъыжьаIэу;
Іэр зэIуусэм псэ къыпыкIэу;
И зэфIэкIэхэр гъэгушхуэ;
ЦIыхуэхэм я гум тыншу дыхьэу,
МыфэрыщIу, мыщIыкIэншэу
Ирепсэу дунейгъэдахэу,
СыткIи дахэщ, къыхужаIэу»...
Мы ткIуанищыр щхьэ дгъэувА?
«Хъуэхъу куэд хъурэ?» - щхьэ жаIа?
Іъэпхъ гупсысэрэуэ ар жыIэнэр:
Хъуэхъур зи бэрщ фIыгъуэр здэкIуэр.

3

Унэм щIэси, щIыбым дэти,
Жеижауэ пщIыхьым хэти -
Псори къыщIэхъеящ,
Пэш утыкур кьайзэжкIи,
ПщIантIэ хуитым зэрыхьащ.
Нэхущи, зыкIи пщIэнкъым жэщу,
Епэр цIыкIуэмэ я дунейщ.
Гъатхэ мазэм уемыгъэшмэщ
Дахагъ псомкIи ущыбейр.
Хьэуа къьабзэм жыг гъэгъахэр
Нэхъуеиншэу зэжьежьых.
И шкIур макъымкIэ дигъафIэу
ПсыЗэрышэри йожэх.
КIущэ Нагъуи и шыритIыр
КъыщIишау удзыпIщIэм хэсщ.
Кьуэ хъишца и хьэпшыр ПIотIи
ТIэпIу и игъэшхуэз щыхьщ...
ГъэщIэгъуэнкъэ, джэду шырхэр
Хьэпшыр хъыжьэм щымышынэ -
Ар ялъытэ къуэш ещанэу:
Зздоджэгу, зобэн, здоошхэ,
Зэрахабэзщи зэкъуэшхэм.
Гумызагъэщ икъукIэ Нагъуэ:
Къимыпльхьхуэу зэи псэжугъуэ:
(Къиищ гъэсэнэр тынш фи гугъэ?)
Жэщи-махуи мэпIейтей,
НитIри зэу здимыгъэжей,
Зыр щыжейм деж, плъырщ адрейр.
Ар къыщоплъкIэ, жиIэ хуэдэщ:
«Си шырищри хуейщ гупыыгъэ».
ЦIыкIуэм анэм игу хуагъафI:
«Дуригъусэщ. ПIы быныфI».
Гуапэ щохъури ахэм жаIэр,
Игу зэгъауэ мэгъуэлъыжь.
ЛъабэщабэкIэ бынищыр
И бгъэ хуабэм щIекъуэзэж.
Гъатхэ жащыр иби ауащи,
Дади мащIэу мэпIейтей:
«Куэдщ ныщхьэбэкIэ вгъэхъахэр,
Нэхъыбзэк фщIэн хуейщ пщадей:
Мазэ Нагъуи Вагъуэ Шыри
Хьэухъуэхэр яхуэвгъэшын хуейщ.
ФыгъуэлъыжьI. Фыжей. Къыфпоплъэ
Тельыджащэ пщIыхьэ дуней.
Дэри пщадейжэщ дапоплъэ
ХьэщIэ лъапIэу куэдыкIей».
Дадэ и псалъэ тIэужьIэ
ИрагъэщIу фэ флъэгъуа?
Я кьалэнхэр зэфIагъэкIри,
ЕпсынщIэкIхэу гъуэпльжащ -
ПщIыхьэр тIэкIу зрагъэжьами,
Псори арэзы хъужауэ
Щхьэж и Іуэхум пищжащ.

4

Насыпышхуэр зи Іэпэгъуэм
Ди гуфIэгъуэр яхуэддаIэту
Къытухоблагъэ куэдыкIей:
Іыхьлы, благъэхэр, ныбжьэгъуэхэр,
Ди лэжьэгъуэхэр, ди гъунэгъуэхэр.
Я сабийхэри я гъусэщ,
Нэмыс дахэри яхэльщи,
Гуапэ тщохъур Іыхьэлэйу.
ЗыхуэбгъадэхъуэнкIэ щыщ
Къытухоблагъэ куэдыкIей:
Іыхьлы, благъэхэр, ныбжьэгъуэхэр,
Ди лэжьэгъуэхэр, ди гъунэгъуэхэр.
Я сабийхэри я гъусэщ,
Нэмыс дахэри яхэльщи,
Гуапэ тщохъур Іыхьэлэйу.
ЗыхуэбгъадэхъуэнкIэ щыщ
Цырхъ зэхихмэ - нос и дежь.
Гуапэу, екIуэрэ-зэкIужу
Яхэтщ цIыхухэм нэжагужэу.
Нэр пIэпехьр и дахагъым,
Псэр ехьэку и щэныфIагъым.
Сыт и уасэ и хъуэхъуБзэу,
ЩыбзэрабзэР и анбзэр,
ФIыгъуэр зи бэу адыгэбзэр?
БзэрэбзэжуиЗ, бзэм зеужьыр,
ЩхьэхыР текIуэмэ, мэужьых.
Зызыужьырщ зиIэр гъащIэ -
Іъэпкъ Іущыгъэм шэч хуумыщI:
Умыщхьэхмэщ дахэ щыпIщIэр,
ХъугъуэфIыгъуэри щымыкIуэщIыр.
Псори псэкIэ зыхэзыщIэ
Ди Іущ цIыкIухэр къыщIыхуащи,
Нэмыс дахэ къохъу гумащIэ,
Ягу хигъахъуэу къодэхащIэ,
КъигъэгушхуэУ, кьегъэIащIэ:
«Маржэ, ди игъурлы цIыкIухэ!
Фэркъэ псори дызыпIэплъэр!
ТельыджалъэхэР кьэфIагъэт,
Іалкъут ильхэр кьэфщIт сэтей,
Дыхэвгъапльэт хъуэхъу дунейм!» -
ЖиIа закъуэ ар Нэмыс! -
ЦIыкIуэхэм Іэджи къагупсис.
ГуфIэгъуэшхуэр зДэзыгъуэшхэм
Я зэфIэкIхэри кьэхъуэ гунэс.
«Акъыл Жанхэр» - кьыззэхуэсри,
Іуп дыгъэлу къэтIысыжьи
Я акъылхэр щIалъыкIыж -
Жан-ым къикIыр ягъэпэжри,
Ахэр мыбЗэлэрГъыжжщ.

5

Джэгу-зэпеуэр зэхаублэ:
ПыIибл зэуэ драдзей.
Намыгъэсу щIым, хуэIэзэу
Къаубыдыжхэр ахэр зейм.
ГуфIэгъуэбзэр зэрольэпъ:
Къуэхъуэхэр пIэзэхэм къольэпъ.
Къоджэр хэти хуейм хуэдиз.
ЗэпеуэкIуэрэ къос:
ЯгъэбжьыфIэу утыкуэхэр
Япкъ мыхъейуэ зэблосыкI.
АпхуэдизкIэ удахьэхри,
Нэр тепхыну уигу пымыкI.
Хэтщ абыхэм Идар цIыкIуи,
И шапхъуитIыр игъэгушхуэу.
Іыгнэгу щIалэхэу Айдари,
Айдамыри, Амырхьани...
Ныбжьэкlэ жьыжь нэмысами,
Ахэм куэд яхуэзфIокI -
Уемыплъын пхуэзфIэмыкI:
Хэти жьэкIэ пшынэ йоуэ,
Бэрэбанэр игъэпсалъэу,
Хэти псалъэ емылыджхэр
Гугъу демыхьу егъэсэф.
Іэсэ хъуахэр игъэгушхуэрэ
Псэр дихьэхыу кьепсэлъыф.
Къантемыр дахащэу къофэ,
Къыдишау Аледэ щыыр.
Къреш Іэзэу уэрэд цIыкIуэр
Къуэш нэхъыщIэ Жантемыр.

6

Дамир ешкъым - хетIэ-хесэ,
ЕщI Дыщэнэ исльэмей,
Зззэмызи зэпегъэурри,
Вагъуэ Шырым худоплъей,
ЩогуфIыкIыр, нащхьэ хуещI.
Къэхъупауэ псэлъэрей,
Мэбзэрабзэ гуфIэрейр:
«Жэщ дахащэр зыгъэнэху,
Сыт хуэдэ, ди Шыр Нэху?
ЩыщIэращIэм дуней ишхуэр
ФыкъытхуигъэщIащ ди Тхьэшхуэм.
ФIыгъуэу щыIэм я дамыгъэщ
Къытухуалъуа ди сабий дыгъэр.
Фэ цIыкIуитIыр тIури зэуэ
ФыкъыщIытхьам дунейм,
Къэхъуэхэр кьытхуэмышIэт зымы:
КъытщIыхъут кьаблэу ЩIы Хьурейр.
ЗимыщIэжу кьыбгъэ уафэм
Лэгъупыкъуэри пигъэнат.
ТельыджащэтэкIэ ар!
Дызоплъыжьыр, щым дыхъуэу.
Медан докI - зыкъыдощIэжри,
ЩхьэусыгъуэрИ къыдоущIэж -
Ар дэ псоми ди зэхуэдэ
Насып кIуапIэ гукъыдэжкI.
ЦIыкIуи ини дыфхуохъуахъуэ
ГъащIэ дахэ кьэвгъэщIэну!
Уафи щIыпIи Фым и Пьаэр
Фи нэхъуэгъэ Іэну!
Насыпыфрэу сэ сымыщIэу
Фыпсэуху фыуэзынщэну!
Демызэшу фхуэдгъэшэ хъуэхъуэхэр
Тхьэшхуэм жиIэ къабыл хъуну!»

7

Вагъуэхэри мабзэ, мадэ.
Дыщэ дамэкэр традэ:
Пщдей ахэм я парадищ,
Дэри деплъын ди мурадщ.
Нурыр зи бэу бын дахащэм,
Вагъуэ Шыру кьабзэкIейм,
Мазэ Нагъуэ цIэ хуэпащэ
Насып жери къыфIищащ,
И щхьэцыгъуэм щыщ нальищи
ЦIэфIэщ джанэу щитIэгъащ.
НэфIэгуфIэу нэкIыу фIыгъуэр
Нэхъ лъэщыжу лыд къыпфIощI.
Пщащэ цIыкIу ди гурыфIыгъуэм,
Ди Тхьэ, Насып Вагъуэ хуэщI!
КЪУМАХУЭ Хьэлимэт.
Аруан (Мысостей) къуажэ

Джылахъстэнейхэр Урыху къыщызэтоувыIэ

Республикэм футболымкIэ и чемпионатым бжьыпэр щызыIыгъ «Тэрчым» Лэскэн щIыналъэм очкоитI щыфIэкIуэдащ. Иджы абы гъунэгъу дыдэ къыхуэхъуащ «Родник»-мрэ «Энергетик»-мрэ.

ДЖЫЛАХЪСТЭНЕЙДЭС-ХЭР Урыху зэрыщымытынщыну гурыIуэгъуэт. Абы и къуажэ командэр республикэм щынэхъыфIэхэм хабжкIи икIи хэти ирагъэкIуэтыфынущ. Апхуэдэуи къэхъащ: текIуэнигъэм хуэпабгъэу къаахуэкIуа зэхьэзэхуэм щыпашэ «Тэрчым» я бжьерагъкIэ зэхьэзэхуэм щыпашэ я пашэм къыпхъэщIыхьэжащ «Родник»-мрэ «Энергетик»-мрэ. Уеблэмэ, очко яфIэкIуэдакъэ къэплъытэмэ, зы очкокIэ ахэр яIэ ищащ. Псынэдзэдзэкъэмрэ Прохладнэ и командэмрэ еплIанэ джэгугъуэм щызэIущIэн хуеяуэ щытащ, арщхьэкIэ игъэIэпхъуат. Иджы абыхэм ешэу-езыру мыгувэу зэхагъэкIыфынущ бжьыпэр хэт нэхъ хуэфащэми.

Иджыпстукlэ тIури хуабжьу лъэрызехьэщ икIи тур нир таблицэм щызэздэбгъкъуэ, къанэ щIагъуэ щымыIэу бжьыгъэ псомкIи зэтехуэу. Джэгугъуэ блэкIа-ми зэхуэдэу бжьыгъэщхуэкIэ щытекIуащ. «Энергетик»-м Малкъ къуажэм уанэгъуэ хэгъэрейхэм щафIиубыдащ. «Родник»-м «ЛогоВАЗ»-р хущIригъэгъуэжащ Бабугент къызэрыдэкIар, пщIэнейра и гъуэр хигъащIэри. Апхуэдэ щыкIэкIэ Псынэдахэ и футболистхэм ягъэзэкIуэжащ, иджыри къэс щыри къапэмыльэщащ-уэ, тхьэмахуэ ипэкIэ Кэнжэ къуажэм бжьыгъэщхуэкIэ япэу къызэрыщыщащIар. Псалъэм къыдэкIуэу яхьэдгъэщынщи, а жьлэ дыдэм 0:3-уэ иджы щыфIащхьащ иужь зэIущIищым зэкIэлъхьэужьу щытекIуауэ щыта «Ислъэмейм».

Зэхьэзэхуэм етIуанэ текIуэныгъэр къыщыхьащ «Эльбрус»-м. Тырныауэздэсхэм я пэжм щыхагъэщIащ Старэ Шэрэдж къуажэм къикIаехэр икIи турнир таблицэм ахэр увыпIэкIэ щызэхуэжащ.

Нарткъалэ и «Нартыр» аргуэру къызэрыхагъэщIам щIэщыгъуагъ хэлъыжкъым. Гугъэ гуэрэр уэзыгъэщIыр иджы ар бжьгъэшхуэкIэ къызэрымыхъуаращ. КъыхудагъэкIари топиплI (I) кьудейщ. Ику иту зэIущIэ къэс топихым щIигъуу нобэр къызэдэсым къьекIуэкIащ.

Щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм кърикIуа бжьгъэсжам. Мис ахэр: **«Малка»** (Малкэ) - **«Энергетик»** (Прохладнэ) - **1:7**, **«Шэджэм-2»** (Шэджэм ЕтIуанэ) - **«Спартак-Д»** (Налшык) - **3:0**, **«ХьэтIохъущыкъуей»** (ХьэтIохъущыкъуей) - **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **0:2**, **«Урыху»** (Урыху) - **«Тэрч»** (Тэрч) - **1:1**, **«Шэрджэс»** (Шэджэм) - **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **4:2**, **«Эльбрус»** (Тырныауз) - **«Шэрэдж»** (Старэ Шэрэдж) - **3:0**, **«Родник»** (Псынэдахэ) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - 10:2, **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **3:0**.

Зи чэзу джэгугъуэм ипкъ иткIэ дыяхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэIущIэнущ: шыщхьэуIум и 2-м - «Ислъэмей» - «Родник», «Псыгуэнсу» - «Кэнжэ», «Эльбрус» - «Шэджэм-2», «Тэрч» - «Шэрджэс»; шыщхьэуIум и 22-м - «ЛогоВАЗ» - «Урыху», «ХьэтIохъущыкъуей» - «Шэрэдж», «Спартак-Д» - «Эльбрус», «Нарт» - «Малка» командхэр.

ХЬЭТАУИслъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2021 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	«Тэрч»	14	10	4	0	43-12	34
2.	«Родник»	13	10	2	1	57-12	32
3.	«Энергетик»	13	10	2	1	58-17	32
4.	«Кэнжэ»	13	9	3	1	37-17	30
5.	«Ислъэмей»	14	9	0	5	51-31	27
6.	«Урыху»	14	8	3	3	48-31	27
7.	«Шэрджэс»	14	7	3	4	39-43	24
8.	«Шэджэм-2»	14	6	3	5	28-33	21
9.	«Малка»	14	5	1	8	30-40	16
10.	«Псыгуэнсу»	14	4	4	6	28-31	16
11.	«ЛогоВАЗ»	13	4	3	6	30-38	15
12.	«ХьэтIохъущыкъуей»	14	4	1	9	23-42	13
13.	«Спартак-Д»	14	2	3	9	25-32	9
14.	«Эльбрус»	14	2	3	9	22-43	9
15.	«Шэрэдж»	14	2	1	11	23-54	7
16.	«Нарт»	14	0	0	14	22-86	0

Къуэдзыр Италием къыщыхожанык I

Италием и Удине къалэм щекIуэкIащ дзюдомкIэ Европэм и Кубокыр къэхъыным хуэхъа зэхьэзэхуэ зэIуха. Саугъэт нэхъыщхьэм щIэбэнащ къэрал 32-м къикIа зи ныбжьыр илъэс 21-м щIимыгъуа дзюдоист 350-м нэблагъэ.



«OVIDIO BERNES» атлетикэ псынщIэмкIэ спорт аренэм и утыкум къихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсмен Къуэдз Къантемыр. ПэщIэдзэ зэIущIиплIым и хьэрхуэрэгъуэхэм щэч къызытумыхьэн текIуэныгъэ къафIэзыхьа ди лъэпкъэгъур финал зэпэщIэтыныгъэм щыуущащ Франджым и лыкIуэ Гоберт Максим. Къантемыр зымащIэкIэ кIэух зэIущIэм къыщыхагъащIри, зэхьэзэхуэм и дыжьын медалыр зыIэригъэхьащ.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, мы гъэм бадзэуэгъуэм и пэщIадзэм Португалием Къуэдзым къыщихьащ Европэм и Кубокыр. Ар ягъасэ Иванов Дмитрийрэ Апхуд Андзоррэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.



Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (унафэщI-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщI-редактор), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхъ секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэныдж Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэпэмыщ Изэ.

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхъ секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхугъэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхугъаипэхэм ядолжжэныкIэ - 42-60-53; зэушыгагъэр хъуэмынмрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэкIэ - 42-22-88; зэдзэкIаклуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщцIэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Іуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.
Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъаазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъуэмэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Іуэхугъаипэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI 12+
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхъ секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня,** *редакторэу* **НэщIэныдж Замирэ,** *корректорхэу* **Елмэс ФатIимэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Аэзмэт** *(1, 2-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр П 5894 • Тираж 1.839 • Заказ №1834